ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№30 (23.438) ● 2017 гъэм мазаем (февралым) и 18, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КІУЭКІУЭ Юрий:
Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыху щхьэхуэхэм лІыхъужьыгъэ Іэзэгъэмкіэ республикэм и щІыхьыр къаІэт, адрейхэм, мыхъумыщІагъэхэр ялэжьурэ, щІыналъэр ягъэпуд

КъБР-м и Іэтащхьэр Москва щыхуэзащ псым итхьэлэ цІыхубзыр къегъэлыным жыджэру хэта Щомахуэ Мурат.

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭР Республикэм и лІыкІуэу Москва зэпымыуэу щыІэм и Іэхъущ Іапіэм КІуэкІуэ Юрий иджыблагъэ щыхуэзащ Москва псым хэхуа автомашинэм иса цІыхубзыр къегъэлыным жыджэру хэта Щомахуэ Мурат.

«Ар лІыхъужьыгъэ нэсщ, нэгъуэщІ цІыхур къебгъэлын папщІэ укъемыплъэкІыжу шынагъуэм зыхэбдзэныр икІи хахуэу апхуэдэ Іэхъур зэфІэбгъэкІыныр. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, республикэм икІа нэужь, ар зыгъэпудхэри ди лъахэгъуэм къахокІ. Зи гугъу сщІыр Москва и инкассаторхэм Іэщэ яІыгъыу ятеухэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщхэри яхэту щэч зэращІырщ. Апхуэдэ щІэпхъаджагъэхэмкІэ абыхэм я унагъуэхэр, я лъэпкъхэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэуэхэр, зэрыщыту Кавказ Ищхъэрэм щыналъэр ягъэпуд. Ауэ сэ быдэу си фІэщ мэхъу щІалэгъуалэр зыдэплъеинур лІыхъужьыгъэмрэ хахуагъэмрэ я щІэпхъэхэр арауэ зэрыщыытыр», - къыхигъэщхьэхурэ Щомахуэ Мурат.

ЩІыналъэм и унафэщІыр щІэупщІащ щІалэм и Іуэху зыІутхэм, абы и мурадхэм, и унагъэкІэ зыхуэныкъуэхэм. ЗэІущІэм и кІэухым абы Щомахуэ Мурат фэеплъ тыгъэ хуищІащ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэ.

Мэлбахъуэ Б. Хь. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и юрист» цІэ лъапІэр фІэщыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Илъэс куэд лъандэрэ дагъуэнщэу зэрылажьэм, Къэбэрдей-Балъкъэр республикэм законодательствэр щегъэфІэкІуэныкІэ парламентаризмэм зыщегъэужьныкІэ куэд зэрыхищІыхьам папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и юрист» цІэ лъапІэр фІэщын **Мэлбахъуэ Борис Хьэмидбий и къуэм** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Законодательствэмкіэ, къэрал уэхэсІэмкіэ, щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныкІэ и комитетым и унафэщІым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм мазаем и 17-м
№20-УГ

ЩІыхуэхэм я зыгъэпсэхуІэхэр зэІуэпэщ щІыным тригъэкІуэдэн папщІэ УФ-м и Правительствэм и унафэкІэ федеральнэ бюджетым къыхэкІыу Къэбэрдей-Балъкъэрым сом мелуанийм щІигъу хухах

Урысей Федерацэм и Правительствэм къыщІащ щІыхуэхэм я зыгъэпсэхуІэхэр зэІуэпэщ щІыным трагъэкІуэдэн папщІэ 2017 гъэм федеральнэ бюджетым къыхэкІыу Урысей Федерацэм и субъектхэм я бюджетхэм субсидиехэр яхуэутІыпщыным теухуа унафэ.

А унафэм ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым сом мелуани 8,5-рэ хухахащ. Ахъшэр трагъэкІуэдэнущ рекреацІэ Іэнатіэм и щІыналъэхэмрэ паркхэмрэ зэІуэпэщ щІыным.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэ.

● КъБР-м и Правительствэм

ЩІэныгъэ, щэнхабзэ Іуэхущ Іапіэхэм къахэхъуэнущ

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі Мусуков Алий мазаем и 16-м иригъэкІуэкІа зэІущІэм Іуэхугъуэ 30-м щІигъум щытепсэльыхьащ.

«КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРЫМ и бюджетыр 2017 гъэм, 2018-2019 гъэхэм ятещІыхьауэ» хабзэм зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным теухуауэ къэпсэльащ КЪБР-м финансхэмкІэ и министр **Лыхъ Заур**.

Абы жиІащ республикэ бюджетыр зэхуагъэхъун щхьэкІэ, федеральнэ мылъкум щыщ республикэм къызэрыратынур. Министрым къыхигъащащ щІыналъэм и хэхъуэмрэ къигъэсебэпынымрэ сом мелуан 969-кІэ нэхъыбэ зэрыхъунур. Псори зэхэту, 2017 гъэм республикэм къигъэсебэпыну зыхуеинур сом мелард 29-рэ мелуан 932-рэ мэхъу, и хэхъуэр - сом мелард 27-рэ мелуан 902,6-рэ. Республикэр щыщІэныщ сом меларди 2-м щІигъум. Апхуэдэуи Лыхъым жиІащ УФ-м и Президентым и накъыгъэ унафэкІэ ягъэзэщІэн, лэжьакІуэхэм нэхъ мащІэ дыдэу къахьым хагъэхъуэн мурадкІэ сом мелуан 44,9-рэ гъэтІылъауэ зэрэІэнур.

Къуажэхэм щыпсэухэм (унагъэщІэхэмрэ Іэщ Іагъэлі ныбжьыщІэхэмрэ хиубыдэу) унэ щахуэхэІэ е къыщащэхуІэ зы метр зэбгъэзэнатІэм ику иту и уасэу къыщтэм екъэпІауэ къэралым къаритыжыну социальнэ ахъшэм теухуауэ зэІущІэм къыщыпсэльащ КЪБР-м мэкъумэш Іэнатіэмкіэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ **Уэдыхь Тимур**. Ахъшэр нэхъыбэм яІэрыхьэн папщІэ, унэм и зы метр зэбгъэзэнатІэм нэхъ мащІэ дыдэр хуагъэзащ - сом мин 22-рэ 900-рэ.

КЪБР-м щІы Іэхэуэхэмрэ мылъку зехьэныкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ **Уннаев Таймураз** кьеджащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал мылъкум щыщу муниципальнэ щІыналъэм ират Іэхэущ Іапіэхэр къыщыгъэлъэгъуа унафэм и проектым. Апхуэдэу Тэрч районым и мылъкум хагъэхьащБотэщей жылэм узыншагъэр щрагъэфІакІуэу дэт Іэхэущ Іапіэр.

ЗэІущІэм щедэІуащ къэрал мылъкуу уней ящІхэм теухуауэ КЪБР-м ЩІы Іэхуэхэмрэ мылъку зехьэныкІэ и министерствэм зэфІигъэкІам. Апхуэдэу 2016 гъэм Іэхэущ Іапіищ уней мылъку ящІащ. Абы къыпэкІуэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и бюджетым къыхэхъащ сом мелуан 131841,5-рэ.

КЪБР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Кьумахуэ Мурэдин** тепсэльыхьащ 2017 гъэм ягъэлъэпІэну махуэшхуэхэм. Абы жиІащ Щоджэнщ Іыкі Алий, Кулиев Къайсын, Горький Максим сымэ я цІэхэр зезыхъэ къэрал драмэ театрхэр къызэрызэІуахрэ илъэс 80 зэрырикъур, КЪБР-м и цІыхубэ усакІуэхэу Кулиев Къайсын (къызэралъхьа илъэси 100 мы гъэм зэрырикъур), Балъкъэр Фоусэт (илъэс 85-рэ), УФ-м и цІыхубэ артист Темыркъан Борис (илъэс 80), КЪБР-м и цІыхубэ артист ХьэІупэ Джабрэ(ил (илъэс 75-рэ) сымэ я махуэхэр зыхуей хуэзэу къызэгъэпэщІыныр зи къалэну щытыну комитетхэр зэрагъэбелджылар.

ЗэІущІэм республикэ унафэщІхэм зэдзэарэзыуэ къыщащтащ КЪБР-м и Правительствэмрэ УФ-м Ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммуналнэ Іэнатіэмкіэ и министерствэмрэ зэращІылІэну зэгурыІуэныгъэ зыбжанэм я проектхэр. Апхуэдэу 2015-2020 гъэхэм ятещІыхьа «Псэупіэ» федеральнэ программэм «УФ-м и щІыналъэхэм унэ ухуэныгъэм зыщегъэужьныныкІэ я программэхэр егъэфІакІуэн» и Іыхьэм къыщыгъэльэгъуахэр гъэзэщІа хъун папщІэ, федеральнэ ахъшэу КъэбэрдейБалъкъэрым къыхуагъэхІуэнущ сом мелуани 169-м щІигъу. Абыкіэ я мурадщ сабий гъэсапІэу тІу (дэтхэнэми ныбжьыщІи 140-рэ щІэхуэну) республикэм щахуэну. 2025 гъэ пщІондэ яубзыхуауэ щыт «Кавказ Ищхъэрэм и щІыналъэхэм зегъэужьыным и Іэхэущ Іэ» УФ-м и къэрал программэм хыхьэ «КЪБР-м и социально-экономикэ зыужьныныгъэр - 2016 - 2025 гъэхэм» и Іыхьэм ипкъ иткІэ, 2017 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым къыІэрыхьэну тращІыхь сом мелуан 201-рэ мин 645,6-рэ.

КЪБР-м уху эныгъэмрэ псэупІэ-коммуналнэ Іэнатіэхэмкіэ, гъэзугхэмкіэ и министр Къунижь Вячеслав тепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэмрэ УФ-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэмрэ я зэгурыІуэныгъэм и проектым. Дэфтэрым къыщыгъэлъэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуажэхэм дэт Іэхэущ Іапіэхэр егъэфІэкІуэным федеральнэ ахъшэу сом мелуан 18-м нэблагъэ къэралым хухихыну. Къунижьым зэрыжиІамкІэ, ахъшэр халъхьэнущ Дзэлыкъуэ районым хыхьэ Псынэдахэ къуажэм Щэнхабзэмкіэ унэ щацуэхэм.

Республикэм гъэшхэкІыр нэхъыбэ щащІынпапщІэ, абыелэжьхьэрычэтыщІэхэм зэрызыщІагъэкъуэнум, узыншагъэр хъумэныкІэ Іэнатіэхэм щылажьэхэм я упачхуэр Іейуэ зэщхьэщыжыкІыным теухуа унафэхэр, нэгъуэщІэри къыщащтащ зэІущІэм.

ЗэІущІэр щызэхуищІыжым, **Мусуков Алий** жиІащ федеральнэ Іэхэущ Іапіэхэм иращІылІэ зэгурыІуэныгъэхэм мыхьэнэшхуэ зэраІэр, нэхъ ипэкІэ апхуэдэ лэжьыгъэр илъэсым и кІуэцІкІэ ирагъэкІуэкІыу щытамэ, мы гъэм гъатхэпэм и 1-м дэфтэрэкІэ хьэзыр хуауэ щытын зэрыхуейр къаритыгъэ, унафэщІхэм ахэр икІащІыпІэкІэ зэфІагъэхьэну.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Зэрызыхущ ъэзам къыщыгъэува къалэнхэр гъэзэщІэнымкІэ лэжьыпхъэхэр къащтэ

Республикэм законхэр къыдэзыгъэкІ и орган нэхъыщхьэм и Президиумым и зи чэзу зэІущІэм депутатхэр щытепсэльыхьащ икІи къыщащтащ КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А. республикэм и Парламентым 2017 гъэм мазаем и 3-м Зэрызыхуигъэзам къыщыгъэува къалэнхэр гъэзэщІэнымкІэ лэжьыпхъэхэм я планыр.

КЪБР-м и Парламентым Регламентымкіэ, депутат щхьэхэзэмкіэ, парламент лэжьыгъэр зэгъэуІуэныкІэ и комитетым и унафэщІ **Кансаевэ Еленэ** зэрыжиІамкІэ, а планым икъуэкІэ ерыщу зэлэжьын хуей Іуэхуэр щыубзыхуащ. Абыхэм ящыщу гулъытэ хэха хуащІынущ псэупІэ къхахэхэм щІэс цІыхуэхэр гъэІэпхъэным, хэхуэу яхъумэ щІыналъэхэр къэгъэсебэпыным, цІыхуэхэм хуащІэ транспорт Іуэхутхьебзэхэр егъэфІакІуэным, къэрал, муниципальнэ Іуэхутхьебзэхэр зэрыдагъэкІыр гъэтэмэмыным, нэгъуэщІхэми.

Зэрыщыту Іуэхугъуэ зэмылІэужьыгъуэу 43-рэ яубзыхащ. Кьапщтэмэ, планым къыззрыщыгъэлъэгъуамкІэ, законхэр къыдагъэкІыныныкІэ жэрдэму тІу УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм къыщыхалъхьэнущ, законопроектыр 4 ягъэхьэзырынущ, парламент едэІуэныгъэ 2, нэхъ мыхьэнэшхуэ зиІэхэм ятеухуа зэІущІэу 6 къыззрагъэпэщынущ, Президиумым и зэІущІэхэм хиубыдэу Правительствэм, Парламентым и комитетхэм зэфІагъэкІхэм хэплъэнущ, апхуэдэу комитетхэм зэІущІэ зыубгъуауэ е нэгъуэщІ щІыпІэхэм кІуэурэ зэІущІэ 19 ирагъэкІуэкІынущ.

«2017 гъэм, 2018, 2019 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» КЪБР-м и законым и проектыр утыку къырихьащ КЪБР-м и Парламентым Бюджетымкіэ, налогхэмкіэ, финансхэмкіэ и комитетым и унафэщІым и къуэдзэ **Мэремыкъуэ Сэфарбий**. Абы зэрыжиІамкІэ, мы зэхъуэкІыныгъэхэр яубзыхуауэ бюджетхэр къызэрызэгъэпэщащ зэхуэгъэхъун папщІэ федеральнэ бюджетым къыхэкІыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетым дотацэхэр хухэхьныныкІэ зэгурыІуэныгъэм Іэ щІадзын зэрыхуейм, республикэ бюджетым и хэхъуэ Іыхьэр зыхуэдизу щытынур зэрагъэтэмэмыжам, федеральнэ бюджетым къиутІыпща бюджет кредитыр зэрапшныжьынум къыхэкІыу.

Федеральнэ бюджетым къыхэкІ бюджет зэхуаку трансфертхэр тегуэшэныкІэ гъэзэщІакІуэ властым и федеральнэ органхэм къащта унафэхэм япкъ иткІэ КЪБР-м и республикэ бюджетым хиубыдэ бжыгъэ зыбжанэ ягъэтэмэмыжащ. Абыхэм япкъ иткІэ бюджетым и хэхъуэхэри хэщІхэри сом мелуан 969,4-кІэ нэхъыбэ ящІащ.

Президиумым хэтхэр апхуэдэу хэплъащ КЪБР-м и Парламентым и деж щыІэ ЩІалэгъуалэ палатэм 2017 гъэм иригъэкІуэкІыну лэжьыгъэ нэхъыщхьэхэм я планым.

Зыхуэфащэ Іэнатіэхэмрэ депутатхэмрэ елэжьыжа нэужь, ищхьэкІэ къыщыгъэлъэгъуа Іуэхуэхэр КЪБР-м и Парламентым и зэІущІэм къыщыхалъхьэнущ.

ЗэІущІэм къыщащта унафэм ипкъ иткІэ КЪБР-м и Парламентым и Щіыхь тхылъыр ираташ Коротких Ольгэ - Налшык къалэм дэт «Предмет щхьэхуэхэр нэхъ куууэ щрагъэдж курыт школ №99» муниципальнэ кІэзонэ Іуэхущ Іапіэм и унафэщІым, Батыр ФатІимэт - «Столышхьэ теннисымкІэ сабий-ныбжьыщІэ спорт школ хэха КЪБР-м и къэрал кІэзонэ Іуэхущ Іапіэм и унафэщІым и къуэдзэм, Сыченкэ Александр - Аруан муниципальнэ районым «Сабий - ныбжьыщІэ спорт школ хэха» щІэныгъэ гуэдзэн щрагъэгъуэт и муниципальнэ кІэзонэ Іуэхущ Іапіэм и унафэщІым егъэджэныгъэкІэ-гъэсэныгъэ лажьыгъэмкІэ и къуэдзэм.

«Физкультурэм, спортым, туризмэм зегъэужьныныкІэ иджырей лъэхъэнэм хъуэ гугъуехьэмрэ ахэр дэгъэкІныныкІэ зэхІыпІэхэмрэ» къэрал зэхуаку щІэныгъэ конференцыр зэрекІуэкІамрэ абы къыригъэ Іуэху нэхъыщхьэхэмрэ депутатхэр щыгъуазэ ищІащ КЪБР-м и Парламентым Спортымрэ туризмэмкІэ и комитетым и унафэщІ **Къардэн Мурат**. Абы къыхигъэщхьэхуакІащ Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхъэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым, КЪБР-м Спортымкіэ и министерствэм, КЪБР-м Курортхэмрэ туризмэмкІэ и министрэхэм нэхъ япэкІэ ираташ щыта чэнджещхэр хъарзынэу зэрагъэзащІэр икІи апхуэдэ лэжьыгъэ физкультурэм, спортым, туризмэм республикэм зыщегъэужьныныкІэ сэбэп зэрыхъур.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ Іапіэ.

УФ-м и Правительствэм и унафэкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым сом мелуани 5,5-рэ къыхуагутІыпщ щІыналъэхэм щыІэ театрхэм я лэжьыгъэр егъэфІэкІуэным трагъэкІуэдэн папщІэ

«Щэнхабзэмрэ туризмэмрэ зегъэужьын» къэрал программэу 2013 - 2020 гъэхэм ятещІыхьам ипкъ иткІэ Урысей Федерацэм и Правительствэм унафэ къыщІащ щІыналъэхэм щыІэ театрхэм я лэжьыгъэр егъэфІэкІуэным хухахьи папщІэ федеральнэ бюджетым щыщу сом мелуани 5,5-рэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетым къыхуагутІыпщыну.

Къащта унафэр хуэгъэзащ щІыналъэхэм я щэнхабзэ, гъуазджэ Іэнатіэхэм мылъкукІэ зэрызыщІагъакъуэ щыкІэр егъэфІэкІуэным.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэ.

Іуащхьэмахуэ лъапэ къэралым и курорт нэхъыфІу 5-м хабжэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и бгы-лыжэ курортыр къэралым щыІэ зыгъэпсэхуПІэ нэхъыфІ дыдэу тхум хабжащ. Рейтингыр зэхилъхьащ RoomGuru.ru сервисым.

«ТурСтат» агентствэм къызэритамкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым а и курортым щІымахуэм зыщІэзыгъэпсэхуэхэм псынщІэу къахохъуэ. 2016 гъэм курортым къэкІуащ турист мин 400. 2015 гъэм елъытауэ ар процент 40-кІэ нэхъыбэщ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэ.

● ЩІыуэпс

Шынагъуэншагъэм тращІыхь

«Проект + » Іуэхущ Іапіэр ЩІыуэпсым и илъэсу ягъэува 2017 гъэм ІуэхугъуэфІэхэмкІэ хьэхьащ.

МЫБЫ и къызэгъэпэщакІуэхэм къалэн зыщащІыжащ ди гъащІэм кууэ къыхьыхьа, цІыхум и узыншагъэм зэран хуэхъу хьэпшыпхэр, пкъыгъуэ цІыкІуфэкІуэхэр лъэныкъуэ егъэзыныр. Апхуэдэщ, кьапщтэмэ, электрокъарур зэзыгъэзахуэ лампІхэр, термометрхэр, н.къ. Мыхэр зэрылэжьэн хуей пІалъэр ихуа нэужь, щІэпхъу хьифІэбдзэныр къезэгъэшрыкъым, цІыхумкІи щІыуэпсымкІи зэранщи. Аращи, ахэр щыІах Іуэхущ Іапіэхэр Іэмал имыІэу щыІэн хуейщ. «Проект+»-р къызэІуахын хуей щІэхъуэри я щхьэусыгъуэращ.

Ди республикэм и щІыналъэ псоми щыІэжьэнущ абы и къудамэхэр.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

■ ЗэІущІэхэр ■ Литературэ ■ Хъыбарыщ Іэхэр
КЪЭБЭРДЕЙ
■ ТВ-радио нэтынхэр ■ Малъхъэдис

Адэ-анэхэм урысыбзэр зэращІэр къапщытэ

Шэджэм муниципальнэ щІыналъэр хэтащ «Адэ-анэхэм ЕГЭ-р щат махуэ» акцэм. Урысыбзэмкіэ экзаменыр щекІуэкІар Шэджэм къалэм дэт курыт школ №1-рщ.

ЗЫУЭ щыт къэрал экзаменхэм езыхэр зэрапэлъэщыр зрагъэщІэну абы екІуэлІат курыт еджапІэхэр мы гъэм къэзыух ныбжьыщІэхэм я адэ-анэхэр, Іуэхущ Іапіэ зэхуэмыдэхэм я унафэщІхэр, къуажэхэм я щІыпІэ администрацхэм я Іэтащхьэхэр. Я щІэныгъэр здынэсыр къэзыпщытэжыну хуейхэм я бжыгъэр щэм щІигъурт.

Еджапіэр къэзыухэм экзамен къызэрыІахым хуэдэ дыдэу екІуэкІащ акцэр: къэпщытэныгъэр зэрекІуэкІыну щыкІэр, абы щІэуэ къыхьыхьахэр упщІэхэм я жэуапхэр я гугъу пщІымэ, зэхъуэкІыныгъэхэр хэтхъыхьыжи зэрымыхъунур, нэгъуэщІхэри къыжраІащ япэщыкІэ. Экзамен тыкІэм щІэуэ къыхьыхьахэм бланкхэм щратхэкІэ тецІэлыхьыжи хэтхъыхьыжи зэрымыхъунур, нэгъуэщІхэри къыжраІащ япэщыкІэ. Экзамен тыкІэм щІэуэ къыхьыхьахэм я гугъу пщІымэ, зэхъуэкІыныгъэхэр нэхъ зэхьэлІар къэпщытэныгъэм хэтхэм я лэжьыгъэхэр къаззрыхуэкІуэ щыкІэрщ, абыхэм зыри хэмыІэбэфын хуэдэу зэрыщытырщ. Зи щІэныгъэр къапщытэ ныбжьыщІэм жэуап зритын хуей упщІэр флеш-картэм тету къыхуагъэхь икІи абы хухаха пІалъэм фІэкІа ар зыдэлъ письмоуПІэр зэтрачыфынукъым. Зэтезычыфынуры абы и ІункІыбзэІуэхр зыІыгъ цІыхум и закъуэщ.

Акцэм хэтхэм къапщытэныгъэм трагъэкІуэдэну хухахар дакъикъэ 40-т (еджакІуэхэм ар сыхьэти 3-рэ дакъикъэ 30-кІэ ят). 11-нэ классхэм щІэсхэм ират упщІэхэр зыхуэдэр ящІэн щхьэкІэ, вариант зыбжанэкІэ еупщІащ нэхъыжьхэмри.

«Адэ-анэхэм ЕГЭ-р щат махуэ» акцэм и къалэныр еджапІэхэр къэзыух ныбжьыщІэхэм я адэ-анэхэр къэпщытэныгъэр зэрекІуэкІ щыкІэм щигъэгъуэзэныр, абы ущыышынэн зэрыщымыІэр езыхэми я нэгу щІагъэкІыжащ.

КІАРЭ Элинэ,
Шэджэм муниципальнэ щІыналъэм и пресс-Іуэхущ Іапіэм и лэжьакІуэ.

● Шынагъуэншагъэ

Я зэфIэкIыр здынэсыр ягъэлъагъуэ

КъБР-м Транспортымрэ связымкIэ и къэрал комитетым иджыблагъэ зэIущIэ щхьэпэ щекIуэкIащ. Абы и лэжьыгъэм хэтащ «Ростелеком» акционер зэгухьэныгъэ зэIухам и вице-президент - «Юр» Iуэхущ Iапэм и тхьамадэ Шипулин Александр, «Ростелеком»-м Ипщэ, Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIыналъэхэм щIи и къудамэхэм я унафэщIхэр, нэгъуэщIхэри.

ХьэщIэхэр щыгъуазэ хуащIащ «Республикэ шынагъуэншэ» къэрал кIэзонэ Iуэхущ Iапэм иужьрей зэманым зэфIигъэкIахэмрэ компьютеркIэ зэщIэуэзда пэшым къыпащIа Iэмэпсымэщ Iэхэм я зэфIэкIыр зыхуэдэмрэ.

КъБР-м Транспортымрэ связымкIэ и къэрал комитетым и унафэщI Къудей Арсен «Ростелеком»-м Къэбэрдей-Балъкъэрым щIэ къудамэм и лэжьакIуэхэм фIыщIэ ин яхуищIащ республикэм и телекоммуникацэм, инфраструктурэм зегъэужьынымкIэ, «Къалэ шынагъуэншэ», «Республикэ шынагъуэншэ» АПК-хэр къызэрэпэщынымкIэ сэбэныщхьэ къызэрыхуэхьурэм я щIыналъэ. Къудейм къыжиIэщащ район центр псори зыуэ щыт Iэмэпсымэщ IэхэмкIэ зэрызэпащIари.

- «Къалэ шынагъуэншэ», «Республикэ шынагъуэншэ» АПК-хэм я лэжьыгъэм я гугъу щытщIкIэ, къыжиIэпхъащ районхэм щыдгъэуза «Гражданин-полиц» терминалхэм я зэфIэкIыр зыхуэдэм щыжиIам иджыри фIы дыдэу зэрыхамыщIыкIыр. Ахэр сэбэн хьуфынущ къызэрымыкIуэ щытыкIэ (хабзэр къызэпаудмэ, гъуэгуры-кIуэр къызэIыхьэмэ, машинэхэм гъуэгур «яхуэзэрымыгъэгушмэ», шэч зыхуэпщI хъун хъэпшыпхэм гу лъатэмэ, нэгъуэщIхэри) къыщыхъуэжьмэ деж, полицэм псынщIэу хъыбар ирагъэщIынмкIэ.

«Республикэ шынагъуэншэ» къэрал кIэзонэ Iуэхущ Iапэм и унафэщI Къаражь Руслан тепсэлъыхьащ комплексыр зэрызэтрауха щыкIэм, «Ростелеком»-м пIалъэ кIыхьым тещIыхьауэ зэгурыIуэныгъэ зэрыщащIлIам икIи иужьрейм инвестицэу къыхуиутIыпща мылъкур илъэси 5,5-м тегуэшауэ иратыжину зэрамурадым, нэгъуэщIхэми. Апхуэдэу, къуныкъущIэм къыхигъэщхьэхукIащ автомобилым и номерым траха сурэтымрэ архивхэм хэлъ дэфтэрхэмкIэ къальхьхуэр зыхуэдэр нэхъ псынщIэу зэрызэхагъэкIыным хуэгъэза программэщIэр Урысейм щыяпэу КъБР-м къызэрыщагъэсэбэнри.

Шипулин Александр къыхигъэщхьэхукIащ пэшым щIагъэува Iэмэпсымэщ Iэхэм щыпIэхэм Iуэхур зэрыщкIэжкIыр белджылы дыдэу икIи щхьэтечу къызэрагъэльагъуэр.

- Зэрыныэрыльагъущи, мы Iуэхум КъБР-м Къэбэрдей-Балъкъэрыр щыяпэу. Апхуэдэ къэхуIэныгъэ абы иIэщ технологие зэхъуэжкIыныгъэхэм я щыкIэнэр республикэм и унафэщIхэм къазэрыгурыIуэмрэ «Ростелеком»-м фейдэ пылъу зэрыдэлажьэмрэ я фIыгъэкIэ. Къызолытэ мыбдеж КъэбэрдейБалъкъэрым щыкуэзэфIэкIам адрей щIыналъэхэри дэплъеиплъхьэу, - жиIащ Шипулиным.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● Къэрал комитетхэм

Коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэр: сыт хуэдиз абыхэм хуэзэнур?

КъБР-м Энергетикэмкlэ, тарифхэмрэ псэуплэ кlэлъыплъыныгъэмкlэ и къэрал комитетым и сайтым иралъхьащ Кавказ Ищхьэрэ, Урысей Ипщэ федеральнэ щIыналъэхэм псым, щIыуэпс газым, электрокъарум я гъэсэкIэ щыгъэхуагъэкIуа таблицэр.

КИФО-мрэ ИФО-мрэ я щIыналъэ щIыхьэхуэкIэм щрагъэкIуэкIа зэгъэпщэныгъэм къызэрыгъэльагъэмкIэ, псыкIэ къызэрызэрагъэпэщым, ар зэрагуэшым мы Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм щыхуэзэр ди гъунэгъуэхэм я административнэ центрхэм щиуасэм елъытауэ нэхъ мащIэ дыдэхэм ящыщу, республикэм и щыхьэрым хуабэм щыщIатыр абыхэм я тарифхэм хуэдизщ.

Налшык къалэм зы псы кубометрым сом 13,63-рэ щиуасэщ. Ставрополь крайм ар сом 44,03-рэ, Ростов областым - 39,99-рэ, Краснодар крайм - 31,95-рэ, Ингушым - 25,81-рэ, Шэшэным - 22,3-рэ, Осетие Ищхьэрэм - сом 16,3-рэ щохьу. Щынэхъ пуд дыдэр Дагъыстэн республикэрщ - абы щиуасэр сомы 7,95-рэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыуэпс газ кубометрым сом 5251,52-рэ, Краснодар крайм - 5810-рэ, Ростов областым - 5665,57-рэ, Къэрэшей-Щэрджэсым - 5787,96-рэ, Осетие Ищхьэрэм - 5472,17-рэ, Ингушым - 5112,88-рэ щыхуоэз.

КъБР-м и къалэдэсхэм папщIэ зы киловатт-сыхьэтым пэкIуэу сомы 3,47-рэ, Краснодар крайм - 4,28-рэ, Ставрополь крайм - 4,16-рэ, Осетие Ищхьэрэм - 3,77-рэ, КъШР-м - 3,70-рэ, Ростов областым - 3,60-рэ, Ингушым - 3,25-рэ щагъэуваш.

Къэбэрдей-Балъкъэрым Энергетикэмкlэ, тарифхэмрэ псэуплэ кlэлъыплъныгъэмкlэ и къэрал комитетым и унафэщIым и къуэдзэ Безниковэ Иринэ зэрыжиIамкIэ, нэхъапэми хуэдэу, республикэм и щIыхуэхэм папщIэ уасэхэр нэхъ мащIэ дыдэу узыхуитым хуэдизу къащтащ. Апхуэдэу Комитетым и правленэм и унафэкIэ, электрокъэкухэр къыщащIэсэбэл унэхэм щIыпсэу къуэжьдэсхэм, къалэдэсхэм, абыхэм хуагъадэхэм (пхъэщхьэмыщIхэ зезыхьэхэм, хадэ зыщIэхэм, дачэ мыкоммерцэ зэгъэзэныгъэхэм, дин организацэхэм) папщIэ, токым хуэзэр бгъэмэщIэну хуит хуэщI 0,7 коэффициентыр къагъэсэбэпынущ.

Тарифхэр зыхуэдизынур федеральнэ законодательствэм зэкIэлъеГъэкIуэ, къащыжэмыщIауэ, «УФ-м ПсэупIэмкIэ и кодексымрэ Урысей Федерацэм и языныкъуэ законодательнэ актхэмрэ зэхъуэжкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхуэ» 2013 гъэм дыгъэгъазэм и 28-м кьащта Федеральнэ закон №417-ФЗ-мкIэ коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм щIыхуэхэм щIат пщIэм зэрыхъхьэу зэтезыIыгъэну Iэмалыр къыщIащ.

Къэралым и щIыналъэхэм коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм я тарифхэр зыхуэдизынур щIыналъэхэм я къэрал комитетым и сайтым щIыуэпс газым, электрокъарум я гъэсэкIэ щыгъэхуагъэкIуа таблицэр.

Урысей Федерацэм и Правительствэм коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм щIыхуэхэм щIат пщIэм ику иту я индексхэр, ауэ щIыхуэхэм я щIыналъэхэм я щIыпIэхэм я щIыхь тхьылъэр, зэпеуэм я щIыхь тхьылъэр, щIыуэпс газым - процентым 3,9-кIэ хэхъуэнущ.

Нагъаби хуэдэу, бадзэуэгъуэм и 1-м къыщыщIэдзауэ тарифхэр зэхуагъэкIуэнущ. Я щIыпIэ щIыхь тхьылъэр щIыуэпс газым - процентым 3,9-кIэ хэхъуэнущ.

Нагъаби хуэдэу, бадзэуэгъуэм и 1-м къыщыщIэдзауэ тарифхэр зэхуагъэкIуэнущ. Я щIыпIэ щIыхь тхьылъэр щIыуэпс газым, щIыуэпс газым - процентым 3,9-кIэ хэхъуэнущ.

Нагъаби хуэдэу, бадзэуэгъуэм и 1-м къыщыщIэдзауэ тарифхэр зэхуагъэкIуэнущ. Я щIыпIэ щIыхь тхьылъэр щIыуэпс газым, щIыуэпс газым - процентым 3,9-кIэ хэхъуэнущ. Ящ щIыпIэ щIыхь тхьылъэр щIыуэпс газым, щIыуэпс газым - процентым 3,9-кIэ хэхъуэнущ.

ГЪУКIАКЪУЭ Инал.

Мамхэгъ Назир и къулыкъу

Урысейм къэрал кIуэцI Iуэхуэмкlэ и министр, полицэм и генерал Колокольцев Владимир и унафэкIэ КъБР-м къэрал кIуэцI Iуэхуэмкlэ и министрым и къуэдзэу - полицэм и унафэщIу 2017 гъэм мазаем и 8-м игъэуващ полицэм и полковникым Мамхэгъ Назир.

МИНИСТРЫМ и къуэдзэ къулыкъущIэм пэрыува Мамхэгъ Назир республикэм и журналистхэм яхуэзащ. Ялэ игъэщIпхъэу къыпльытэхэм я гугъу щищIым полицэм и полковникым жиIащ экстремизмэмрэ терроризмэмрэ пэщIэтыныр, республикэм и бюджетыр къызэрагъэсэбэпым я нэIэ трагъэтыныр нэхъыщIхьэу къызэрилытэр. Мамхэгъым къыхигъэщащ щIалэгъуэлэм ядэлэжьэным, ахэр экстремист Iуэхуэхэм щахъумэным гулъытэ хэха зэрыхуащIыр.

* * *

Мамхэгъ Назир Мысост и къуэр 1979 гъэм накъыгъэм и 30-м Налшык къалэм къыщалъхуащ. Урысей МВД-м и Мэзкуу юридическэ институтым и кьудамэу Чебоксары дэтыр 2001 гъэм къиуащ. Къэрал кIуэцI Iуэхуэмкlэ органхэм 1996 гъэм лэжьэн щыщIидзащ икIи Iэнатlэ зэмылIэужьыгъуэхэм зэрыстащ.

2011 гъэм и мэкъуэгъуэм щыщIидзауэ ар и унафэщIу щытащ КъБР-м щыIэ МВД-м экстремизмэм пэщIэтынымкIэ и центрым. И къалэнхэр пылъхьэнщэу зыгъэзащIэ офицерым къыхуагъэфэщащ «Хэкум и пащхьэ щIи фIыщIэм папщIэ» орденым и етIуанэ нагъыщIэм и медалыр, ЛIыгъэм и орденыр, КъБР-м и Iэтащхьэм и ЩIыхь тхьылъэр, ведомствэм къыбгъэдэкI «За боевое содружество», «За отличие в службе» медалхэр, щIыхь тхьылъэр.

УАРДЭ Жансурэт.

● Гъуэгу къежьапIэ

«Хабзэм и лIыхъусэжьхэр»

Урысейм и МВД-м и Шэджэм щIыналъэ къудамэм балигъ мыхъуахэм я Iуэхуэхэмкlэ и къудамэмрэ егъэджэныгъэмкlэ и Iэнатlэмрэ Шэджэм къалэм Щэнхабзэмкlэ и унэм щрагъэкIуэкIащ «Хабзэм и лIыхъусэжьхэр» профилактикэ зэпеуэм и ешэн Iыхьэр.

АР ТЕУХУАЩ щэныфIэу, жьыджэру, зэалымыгъэм, терроризмэм, экстремизмэм хузэйуэ щIэблэр къэгъэхъуным, щIалэгъуалэр хэкупсэ нэсу гъэсэным. Зэпеуэм хэтащ районым и курыт еджапIэхэм я агитбригадэ 17.

ЗэхэщIкIыгъэр зи щапхъэ, гъащIэ уэшынщэ зи гъуэзэ, а лъапIэныгъэхэм адрейхэри хуэзыгъэуш зэдарэгъу командхэм сценкэхэр, литературэ композицэхэр, кьафэ зэмылIэужьыгъуэхэр, щыуагъэм узыхуишэнкIэ хуиным теухуауэ ягъэхъэзыра видеороликхэр ягъэлъэгъуащ. Егупуу зэрызагъэхьэзырам и щыхьэту, щIалэгъуалэр зыхуэзэ гугъуехьэхэр ягъэнаIуэурэ, иужьрей зэманым ГъащIэм къыхьыхьа мыхьэмыщIагъэхэм защIыхъэмэныкIэ щыIэ Iэмалхэр я номерхэм хагъэхьащ.

Лъэпкъ хабзэхэм я мыхьэнэм еджакIуэхэм я зыкъзгъэлъэгъуэныгъэ псоми гулъытэ хэха щигъуэтащ.

Зэпеуэм кьрикIуам ипкъ иткIэ, Шэджэм къалэм и курыт еджапIэ №3-м «Гран-при»-р хуагъэфэщащ, Яныкъуей кьуажэм и командэм бжьыпэр иубыдащ, Нартан дэт школ-интернат №25-мрэ Шэджэм къалэм и еджапIэ №4-мрэ етIуанэ, Шэджэм ЕтIуанэм и 3-нэ школымрэ Хъущтэ-Сырт къыкIахэмрэ я агитбригадэхэм ещанэ уваIэхэр зэдагъэшащ.

ТекIуахэм егъэджэныгъэмкlэ Iуэхуэщ Iапэм и щIыхь тхьылъэр, зэпеуэм хэта псоми дипломхэр иратащ. Яныкъуей кьуажэм и Iимам, Урысейм и МВД-м и Шэджэм щIыналъэ къудамэм и ЖылагъуэI советым хэт Элекуев Хьэсэн бжьыпэр зыуБыда командэм саугъэт щхьэхуэкIэ хуэупсащ.

Къызэрэпэщакlуэхэм къызэрыхагъэщамкIэ, террорымрэ зэлымыгъэмрэ я дерс нэпцIхэм (я философиием) зэрыпэщIэтыпхъэм, фадэм, тутыным, наркоманием, хабзэншагъэм щIалэгъуалэр ящыхьумэным апхуэдэ творческэ зэпеуэхэр сэбэп хуохъу.

КIАРЭ Элинэ.



● Партым и жэрдэм

«Дызэгъусэу девгъэлэжь!»

«Урысей зэкъуэт» политикэ партым къыхилъхьа «Урысейм и щIыуэпсыр» Iуэхум щыщу «ДызэщIыгъуу девгъэлэжь!» дерс зэпеуэр къэралым и курыт еджапIэхэм щрагъажьэ 2017 гъэм гъатхэпэм и 15-м. Абы текIуэныгъэр къыщыдэхьхьэм зыщрагъэгъэпсэхунущ «Артек», «Орлёнок» лагерэхэм.

-ЗИ гугъу тщIы зэпеуэм щыналъэ 35-рэ хьихьагъэхэщ. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, еджакIуэ мелуан бжьыгъэхэр къызэщIиубыдэнущ. Дыщогугъ ныбжьыщIэхэм щыуэпсым теухуауэ я щIэныгъэхэм хагъэхъуэныкIэ мы Iуэхур сэбэпшыхъэ хъуну, - жиIащ «ЩIыуэпсым хуегъэджэн» лэжьыгъэ зэзыгъэуIу, «Урысей зэкъуэт» партым хэт Онищенкэ Геннадий.

Абы къызэрыкIэущамкIэ, школакIуэхэр хагъэгъуэзэнущ кIэрыхубжьэрыхумрэ пхъэнкIиймрэ зэрызэщхьэщыкIым, уэзлэжьыкъ хъунухэм ятеуухауэ дуней псом щащIэм, дэ ахэр тэмэму къызэрыдмыгъэсэбэпым и зэранкIэ Урысейм мылъкуу фIэкIуэдыр зыхуэдизым. Иужькlэ ныбжьыщIэхэм я Iуэху еплъыкIэхэр ирагъэтхынущ, зэпеуэхэр ирагъэкIуэкIынущ. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, зэпеуэхэр гъатхэпэ - мэлыжьыхьэ мазэхэм зэфIэкIын хуэйщ.

ФЫРЭ Анфисэ.

● Бахъсэн щIыналъэ

«Урысейм и ДОСААФ-р илъэс 90 ирокъу» юбилей медалыр щрат

Урысейм и ДОСААФ-р къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 90 щрикъум хуагъэхъызэрыр гуфIэгъуэ Iуэхуэгъуэхэм хыхьэу, Бахъсэн щIыналъэм и Iэнатlэ зэмылIэужьыгъуэхэм я унафэщIхэм юбилей медалхэмрэ удостоверенэхэмрэ иратащ.

АКъАЛЭН гуапэр игъэзэщIащ Урысейм и ДОСААФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и тхьамадэм и къуэдзэ МащIыхъэ Хъусен.

ЩIэблэр хэкупсэу гъэсэным, щIыхьэр я хэкумкIэ гушхуэу щытыным и Iуэхум хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуащIам папщIэ фэеплъ юбилей медалхэр хуагъэфэщащ Бахъсэн щIыналъэмрэ Бахъсэн къалэ округымрэ я щIыпIэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэм я къалэнхэр зыгъэзащIэхэу Сыжажэ Хьэсэн, Мамхэгъ Хьэчим, зауэм, лэжьыгъэм, Iэщэкlэ ЗэщIэуэзда Къарухэм я ветеранхэм я Бахъсэн район советым и тхьамадэ Абазэ Анатолэ, Афганистаным щыIа зауэлIхэм я щIыналъэ зэгухьэныгъэм и унафэщI Шыбзыхъуэ Iэюб, Бахъсэн къалэ округым, Бахъсэн, Дзэлыкъуэ районхэм я дзэ комиссариатым и къудамэм и Iэтащхьэ Сосналы Мухьэмэд, Бахъсэн къалэ округым щыIпIэ самоуправленэмкIэ и советым и унафэщIым и къуэдзэ Бырхьэм Залинэ, ветеранхэм я къалэ зэгухьэныгъэм и тхьамадэ Абазэ Владимир сымэ.

Фэеплъ дамыгъэхэр зратахэм ящыщщ зауэлI-интернационалистхэу Сивухин Юрэ, Асльэн Борис, Цей МуIэед, Iэпщэ Руслан, Шал Албэч, Байсиев Билал, Быф СультIанрэ Iэульэ Альбертрэ.

ЧЫЛАР Аринэ.

Мы махуэхэм

Мазаем и 18, *щэбэт*

♦Урысей Федерацэм и Транспорт полицэм и махуэщ

♦1911 гъэм пощтыр зэбгрыхыным къъухьлъатэ япэ дыдэу къыщагъэсэбэпащ. Ар къыщыхьуар Индиерщ: Аллахабад икIыу Наини кIуэ къъухьлъатэм письмо мини 6,5-рэ, нэгъуэщI корреспонденцэу 250-рэ ильащ. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми «КъъухьлъатэкIэ зэбграха япэ пощт» жиIэу мыхъур тегъэуат.

♦1924 гъэм Налшык Лениным и цIэр зезыхьэ еджапIэ къалэ цIыкIу къыщызэIуахащ.

♦1943 гъэм Адыгэ Республикэр нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакIуэхэм къыIэщIагъэкIыжащ.

♦1945 гъэм Австриием нэмыцэхэм щIа Матхаузен гъэрэщым фашистхэм щагъэкIащ генерал-лейтенант, дзэ щIэныгъэхэм я доктор, Совет Союзым и ЛIыхъужь Карбышев Дмитрий.

♦1960 гъэм США-м щыщ Скво-Вэлли щыпIэм къыщызэIуахащ VIII Щыгмахуэ Олимп Джэгуэр. Ахэр мазаем и 28 пщIондэ екIуэкIащ. Абы щыгъуэзэ биатлонымрэ олимп зэхъэзэхуэхэм хагъэхьажауэ щыщытар (1948 гъэм и ужькIэ хагъэкIауэ щытащ).

♦1979 гъэм Сахарэ къуымым уэс къыщецащ.

♦Совет дзэ къулыкъущIэ, Совет Союзым и Маршал, Совет Союзым тIэунейрэ и ЛIыхъужь **Тимошенкэ Семён** къызэралъхурэ илъэси 122-рэ ирокъу.

♦Италием щыщ конструктор, автомобиль къыщIэзыгъэкI компание къызэзыгъэпэща **Феррари Энцо** къызэралъхурэ илъэси 119-рэ ирокъу.

♦Совет къэрал, парт къулыкъущIэ, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УнафэщIу щыта **Подгорный Николай** къызэралъхурэ илъэси 114-рэ ирокъу.

♦ТхакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Къуэдзокъуэ Хьэсэн** къызэралъхурэ илъэс 82-рэ ирокъу.

♦Критик, литературовед, УФ-мрэ Адыгеймрэ щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, ЩIДАА-м и академик **ШащIэ Къазбэч** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Урысей фигуристкэ, 2002 гъэм Солт-Лейк-Сити (США) щекIуэкIа Олимп Джэгуэхэм дыжьын медаль къыщIэзыхьа, УФ-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер **Лобачёвэ Иринэ** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

♦Урысей теннисист, Олимп чемпион (2000), УФ-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер **Кафельников Евгений** и ныбжьыр илъэс 43-рэ ирокъу.

♦Урысей баскетболист, Пекин щекIуэкIа Олимп Джэгуэхэр къыщызэIуахым УФ-м и къэрал ныбжьыр утыкум къызыхьа **Кириленкэ Андрей** и ныбжьыр илъэс 36-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуу щыщытынущ. ЩIыIэр махуэм градуси 4 - 2, жэщым градуси 5 – 3 щыхъунущ.

Мазаем и 19, *тхъэмахуэ*

♦Джэйхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ

♦Тыркумэным и Къэрал ныпым и махуэщ

♦Къыргъызым и финанс полицэм и лэжьакIуэм и махуэщ

♦Армением щагъэпэлъапIэ тхылъэр тыгъэ щIыным и махуэр

♦Илландием и щIыхубзхэм я махуэр хуагъэлъапIэ

♦1837 гъэм Лермонтов Михаил «УсакIуэм и лIэныгъэ» усэр, Пушкин Александр зэрауэкIам теухуар, итхащ.

♦1855 гъэм синоптикэм я япэ картэр дунейм къытехьащ. Ар ищIат Париж дэт обсерваториемрэ и унафэщI, Нептун планетэр зэрыщыIэр къэзыхута астроном Леверье Урбен.

♦1878 гъэм макъ зыIтх Iэмэпсымэ (фонограф) къызэригупсысам щыхьэт техьэу патент ираташ США-м щыщ физик Эдисон Томас.

♦1921 гъэм Профсоюз зэгухьэныгъэхэм я союзпсо совет нэхъыщхьэм къыдигъэкI «Труд» газетым и япэ номерыр дунейм къытехьащ.

♦1926 гъэм СССР-мрэ Сауд Хьэрэп пащтыхьэгъуэмрэ дипломатие хабзэхэмкIэ зэпыщIа хъуащ.

♦1954 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и унафэкIэ Кырым областыр РСФСР-м хагъэкIри, Украинэм ираташ.

♦1986 гъэм СССР-м «Мир» станцыр хьэрэшым иутIыпщащ. Абы зэрыщIа илъэсипщIым щIигъум кьрифыдзу станцым зызэблахъуурэ щылэжьащ къэрал 12-м щыщ космонавти 104-рэ.

♦ТхыдэщI, академик **Успенский Фёдор** къызэралъхурэ илъэси 172-рэ ирокъу.

♦Композитор, уэрэджыIакIуэ, Урысей Федерацэм и цIыхубз артист, УФ-м гъуэджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Антонов Юрий** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

♦Урысей композитор, УФ-м и цIыхубз артист, РСФСР-м гъуэджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Москва къэрал филармонием и художественнэ унафэщI **Чайковский Александр** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

♦Урысей уэрэджыIакIуэ, УФ-м и цIыхубз артист **Митяев Олег** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

♦Урысей дзюдоист, Олимп чемпион (2012), Урысейм спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер **Галстян Арсен** и ныбжьыр илъэс 28-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 2 - 4, жэщым щIыIэр градуси 3 - 1 щыхъунущ.

Мазаем и 20, *блыщхьэ*

♦ЦIыхуэхэр зэхуэгъэзданым и дунейпсо махуэщ

♦1940 гъэм Налшык къалэм Iэфыкlэ щащI фабрикэ къыщыщIэуахащ.

♦Адыгей драматург, усакIуэ **Кубэ Бильостан** къызэралъхурэ илъэси 120-рэ ирокъу.

♦Адыгей тхакIуэ **Теувэж Хьэбиб** и ныбжьыр илъэс 86-рэ ирокъу.

♦Медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **ГъащIэ Абдул** къызэралъхурэ илъэс 82-рэ ирокъу.

♦Композитор, УФ-м гъуэджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м и цIыхубз артист, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал саугъэтым и лауреат, жылагъуэ лэжьакIуэ **ХьэIупэ Джабрэ**Iил и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Генерал-лейтенант, УФ-м и Къэзыбж палатэм и къэпщтакIуэ, Москва и Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгейм и щIыхь» медалыр зрата **Дзыбэ Мусэ** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

♦Адыгэ Республикэм, КъБР-м щIыхь зиIэ я артисткэ **БжэIумыкъ Барисэт** (Бэллэ) къыщалъхуа махуэщ.

♦«Адыгэ псалъэ» газетым и къудамэм и унафэщI, КъБР-м и Правительствэм и щIыхь тхылъыр зыхуагъэфащэ **Истэпан Залинэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 2 - 5, жэщым щIыIэр 1 градус щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Хьэфl дэплъейр хьэфl мэхъури, шыфl дэплъейр шыфl мэхъу.

● Футбол

Кубокым я насып хэлъхьым

«Зенит-2» (Санкт-Петербург) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 1:0 (1:0). Ларнакэ (Кипр). «Аммохостос» стадион. Мазаем и 14-м. ЩIыхуэм 150-рэ еплъащ.

Судьяхэр Борисов (Самарэ), Филиппов (Екатеринбург), Зайнагутдинов (Уфа).

«**Зенит-2**»: Рудаков, Зуйков, Какковев, Мильдзихов, Зуев, Бавин, Лесовой (Камышев, 65), Исаев (Плетнёв, 82), Ящук (Евсеев, 57), Чернов (Мустафин, 46), Погребняк (Крапухин, 60).

«**Спартак-Налшык**»: Антипов, Мэкъуауэ, Дашаев, Мурачёв, Кузнецов, Соблир (Гъурф, 75), Крамаренко (Ахриев, 72), Дроздов, Мухьэммэд, Чхапелие, Ахъядов (Бойчук, 79).

Топыр дигъэкIащ: Погребняк, 20 (1:0).

Дагъуэ къыхуащIащ: Ящук, Дроздовым, Бавиным.

ФУТБОЛ Лъэпкъ Лигэм и кубокыр къэхьыным теухуауэ Кипрым щекIуэкI зэхъэзэхуэм ипкъ иткIэ «В» гупым щызэрихьэлIа «Зенит-2»-мрэ «Спартак-Налшыкымрэ» пэщIэдзэ зэIущIэхэр фIахьами, бжьыпэр яубыдыну Iэмал иджыри яIэт. Абы папщIэ къыкIэлъыкIуэ дзэгупсысыгъэхэр хуейт. Аращ зэпэщIэува командитIми ебгъэрыкIуэныгъэр япэ щIрагъащар.

«Зенит-2»-м зэIущIэр нэхъ жыджэру иригъэжьащ. Санкт-Петербург къикIахэм я ебгъэрыкIуэныгъэхэр зэтрагъыгъэн папщIэ ди щIалэхэм хуабжу гугъу зэрагъэхьэн хуей хъут. Арщхьэкlэ етIощIанэ дакъикъэм налшыкдэсхэм яхуэзэфIэкIа щыIэкъым - я хьэрхуэрэгъуэхэм угловой кьыхата иужькIэ Погребняк Кирилл ди гъуащхьэхуэмрэ бгъэкIэ ирихри, щхьэкIэ топыр дигъэкIащ.

«Спартак-Налшыкым» зыкъущIэжар джэгум и кIэухращ. Мы зэIущIэм кьыщыхагъащIэмэ, Футбол Лъэпкъ Лигэм и кубокым зэхъэзэхуэм ипкъ иткIэ «В» гупым щызэрихьэлIа «Зенит-2»-мрэ «Спартак-Налшыкымрэ» пэщIэдзэ зэIущIэхэр фIахьами, бжьыпэр яубыдыну Iэмал иджыри яIэт. Абы папщIэ къыкIэлъыкIуэ джэгуэгъуэ зэтеухуэн хуейт. Аращ зэпэщIэува командитIми ебгъэрыкIуэныгъэр япэ щIрагъащар.

«Зенит-2»-м зэIущIэр нэхъ жыджэру

«В» гупым зэхъэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

	Командэхэр	Дж	Къ	З	ФI	Т	О
1.	«Енисей»	2	2	0	0	4-0	6
2.	«Урал»	2	1	0	1	3-3	3
3.	«Зенит-2»	2	1	0	1	2-3	3
4.	**«Спартак-Налшык»**	**2**	**0**	**0**	**2**	**0-3**	**0**

● ДифI догъэлъапIэ

МЭЛБАХЪУЭ Борис:

Лъэпкъ Iуащыгъэр - гъуазэщ

КъБР-м и Парламентым Законодательствэмкlэ, къэрал уахуэкlэмрэ щыпlэ унафэр зегьэкlуэнымкlэ и комитетым и унафэщl Мэлбахъуэ Борис и ныбжьыр мазаем и 17-м илъэс 60 ирикъуащ.

БОРИС 1980 гъэм лэжьэн щIидзащ. Ростов дэт къэрал университетым и юридическэ къудамэр къиуха нэужь Гумкъалэ и ГОВД-м следователь щыIащ. Лэжьыгъэ зэхуэмыдэхэр зэрихьэу, и Iэщlагъэмэ хигъахъуэу 1991 гъэ пщIондэ къэрал кIэуцI Iэхуэхэмкlэ органхэм къулыкъу щищIащ абы. Апхуэдэу Борис Налшык къалэ и Ленинскэ РОВД-м и унафэщIым и къуэдзэу, КъБР-м Къэрал кIэуцI Iэхуэхэмкlэ и министерствэм и къудамэм и унафэщIу, милицием и унафэщIым и къуэдзэу, Бахъсэн РОВД-м и следственнэ къудамэм и нэхъыщхьэу щытащ.

1991 гъэм и дыгъэгъазэм Мэлбахъуэр Шэджэм куейм и хеящIу хах. 1995 - 2014 гъэхэм ар хеящIу, КъБР-м и Суд нэхъыщхьэм и президиумым хэту къекIуэкIащ. Юрист лъэрыгэхьэу, экуэфалынгъэ, цIыхугъэ хэлъу, зыхэлIуэ Iэхуэхэмкlэ унафэ тэмэм зэрищIыным пылъу илъэс 23-кlэ хеящIу къэбарыщ Борис. ЩIэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ хеящIэм къилэжьа пщIэм хуэфащэ къулыкъу къраташ - 2014 гъэм КъБР-м и Парламентым и етхуанэ зэхуэсым и депутату, Законодательствэмкlэ, къэрал уахуэкlэмрэ щIыпlэ унафэр зегьэкIуэнымкlэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэу хахащ, илъэс нэхъ дамыкIыуи а комитетым и унафэщI хъуащ.

КъулыкъущIэм, нэхъыжьыфIым зыхуэдгъэзащ къыззэпичэ гъэзугъанэм тедгъэпсэлъэхьыну:

- Сэ хеящIэ сыхъуну си пщIыхьапIэ къыхэхуэхэтэкъым сыщыщIыкIым. Дохутыр сихъуну сыхуейт. Хуабжьу сыщIэхъуэпсырт а Iэщlагъэм. Ауэ къыззэхуIлакъым, юристу седжащ. Ауэ, пщIыр сыткIэ хъуащ. Iэщlагъэм зэрымыщIакIэ гъащIэ псо схуэхъуа Iэщlагъэм сыщыхущIегъуэжа зэи къысхуихуакъым. Си адэ-анэр цIыху къыззэригъакIэ, ауэ зэрыбыным еджапIэ нэхъыщхьэ къыдагъэхуащ псоми. Нобэ упсэну, уеджану, зыбжьыну тыкIыщ. Дэ дызыхальхуа зэманыр хьэлъэт, дыкъэзыльхуахэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ яIэтэкъым езыхэм, ауэ псори драгъеджэну лыгъэ къакъуэкIат.

Зэманыр хьэлъэт жысIэщхьэкIэ, дунейр къызэриуухуэри апхуэдэущ - щхьэж и гъащIэр къытезыгъэхьэлъэн гуГуехь гуэр хуэзэнущ Iэмал имыIэу. Ауэ дэ, цIыхухэр, акъыл диIэу, зэманым къигъэув гугуГехьэм дапэльэщыфыну дыкъинтъэщIащи, дытхьэусысэмэ хуэйкъым, дыгугъусысэмэ нэхъыфIщ.

- Ди апэ итхэр щIэлэжьэжьыр щIэблэм папщIэщ. А щIэблэм я пщэдейр тэмэму яухуэфын щхьэкIэ сыт щIэн хуейр? Сытым хуегъэсапхъэ?

- Зы Iэхуэгъуэ гуэр укъуэдиуэ, абы щIэблэр къыхуеджэн хуейуэ къэслыгъэркъым сэ. Зэманым декIуу щIэблэри къегъэщI. Зыхалъхуа лIэщIыгъуэм зэрыхэпсэукIыфыну щыкIэр я пIым хэту къалъхуу сабийр. Ар дунейм и хабзэщ. Ауэ, сэ къызэпысча гъащIэ гъэзугъанэм къыщызгурыуаращи, уи лъэпкъым и бзэр, и хабзэр, и щэныр пщымыгъупщэмэ, пIащIэмыхумэ, а Iуащlагъэр пхэлъмэ, узыхэмызэгъэн Iуэхурэ узыпэмыльэщыпкъэ гъащIэм ущрихьэлIэнукъым. Лъэпкъ Iуащlагъэр - гъуазэщ.

- Сыт нобэкIэ цIыхум зэран хуэхъур, цIыхуу къэнэжьин папщIэ, зи гугъу пщIы лъэпкъ Iуащlагъэр Iэщlыб уэзыгъэщIыр?

- ЦIыхум зиужьын хуейщ, ар пэжщ. Ауэ зыужьыныгъэр сытым дежи щхьэпэкъым. Абы сэбэпынагъ щимыIэ къохъу. Псалъэм и хьэтыркIэ, нобэ техникэм апхуэдизкIэ зиужьащи, адзкIэ щIэ гуэр къебгупсысынкIэ Iэмал имыIэу, цIыхур зыхэмыIэбарэ здыкъэмысарэ щымыIэу къыпщохьу. Ауэ сэ схужьIэнукъым компьютерым и лIэщIыгъэм фIы къытхудэкIуаУэ. Сыту жыпIэмэ, цIыхум Iэкlэ игъэззащIэн хуей лэжьыгъэ куэд автоматизированнэ ищIащ. Абы уи пкъым и закъуэкъым, уи акъылри игъэлажьэрэкъым.

- Узыхуейр зыщIэ машинэ къэбгупсысыныр лэжьыгъэхъэ, ехъулIэныгъэкъэ?!

- Лэжьыгъэщ, ауэ ахэр дгъэлажьэ ди гугъэ щхьэкIэ, дэ абыхэм дателажьэу Ауэ, пщIыр сыткIэ хъуащ. Iэщlагъэм зэрымыщIакIэ гъащIэ псо схуэхъуа Iэщlагъэм сыщыхущIегъуэжа зэи къысхуихуакъым. Си адэ-анэр цIыху къызэрыгуякIт, ауэ зэрыбыным еджапIэ нэхъыщхьэ къыдагъэхуащ псоми. Нобэ упсэну, уеджану, зыбжьыну тыкIыщ. Дэ дызыхальхуа зэманыр хьэлъэт, дыкъэзыльхуахэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ яIэтэкъым езыхэм, ауэ псори драгъеджэну лыгъэ къакъуэкIат.

Зэманыр хьэлъэт жысIэщхьэкIэ, дунейр къызэриуухуэри апхуэдэущ - щхьэж и гъащIэр къытезыгъэхьэлъэн гуГуехь гуэр хуэзэнущ Iэмал имыIэу. Ауэ дэ, цIыхухэр, акъыл диIэу, зэманым къигъэув гугъуехьэм дапэльэщыфыну дыкъинтъэщIащи, дытхьэусысэмэ хуэйкъым, дыгугъусысэмэ нэхъыфIщ.

- Ди апэ итхэр щIэлэжьэжьыр щIэблэм папщIэщ. А щIэблэм я пщэдейр тэмэму яухуэфын щхьэкIэ сыт щIэн хуейр? Сытым хуегъэсапхъэ?

- Зы Iэхуэгъуэ гуэр укъуэдиуэ, абы щIэблэр къыхуеджэн хуейуэ къэслыгъэркъым сэ. Зэманым декIуу щIэблэри къегъэщI. Зыхалъхуа лIэщIыгъуэм зэрыхэпсэукIыфыну щыкIэр я пIым хэту къалъхуу гъэлъагъу нэхърэ, щIагъыбзэкI хэжьIыпIэм урашалIэмэ нэхъыфIщ - абы уегъэгупсысэ.

Псалъэм папщIэ, унафэщI сиIащ сэ, «мыбдеж схуэзэхуэзхъуркъым, дауэ зэрысщынур, Борис?» - жиIэу къызэупщIу. «Мыр дауэ унафэщI, а къызэрыгуякI Iуэхур имыщIэу?!» - жысIэу, згъэщIагъуэрт. Ауэ зэман дэкIа нэужь къызгурыIуэжырт апхуэдэ щIыкIэкIэ си щIэныгъэр здынэмысарэр щымыIэу къыпщохьу. Ауэ сэ схужьIэнукъым компьютерым и лIэщIыгъэм фIы къытхудэкIуаУэ. Сыту жыпIэмэ, цIыхум Iэкlэ игъэззащIэн хуей лэжьыгъэ куэд автоматизированнэ ищIащ. Абы уи пкъым и закъуэкъым, уи акъылри игъэлажьэрэкъым.

- Узыхуейр зыщIэ машинэ къэбгупсысыныр лэжьыгъэхъэ, ехъулIэныгъэкъэ?!

- Лэжьыгъэщ, ауэ ахэр дгъэлажьэ ди гугъэ щхьэкIэ, дэ абыхэм дателажьэу Ауэ, пщIыр сыткIэ хъуащ. Iэщlагъэм зэрымыщIакIэ гъащIэ псо схуэхъуа Iэщlагъэм сыщыхущIегъуэжа зэи къысхуихуакъым. Си адэ-анэр цIыху къызэрыгуякIт, ауэ зэрыбыным еджапIэ нэхъыщхьэ къыдагъэхуащ псоми. Нобэ упсэну, уеджану, зыбжьыну тыкIыщ. Дэ дызыхальхуа зэманыр хьэлъэт, дыкъэзыльхуахэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ яIэтэкъым езыхэм, ауэ псори драгъеджэну лыгъэ къакъуэкIат.

Зэманыр хьэлъэт жысIэщхьэкIэ, дунейр къызэриуухуэри апхуэдэущ - щхьэж и гъащIэр къытезыгъэхьэлъэн гуГуехь гуэр хуэзэнущ Iэмал имыIэу. Ауэ дэ, цIыхухэр, акъыл диIэу, зэманым къигъэув гугъуехьэм дапэльэщыфыну дыкъинтъэщIащи, дытхьэусысэмэ хуэйкъым, дыгугъусысэмэ нэхъыфIщ.

- Ди апэ итхэр щIэлэжьэжьыр щIэблэм папщIэщ. А щIэблэм я пщэдейр тэмэму яухуэфын щхьэкIэ сыт щIэн хуейр? Сытым хуегъэсапхъэ?

- Сэ хэхауэ гъэсакIуэ сиIауэ схужьIэнукъым, ауэ сытым дежи нэхъыжьхэмкIэ сеплъэкIырт. Ар унафэщI ирехъу, лъэпкъым и нэхъыжьыфI ирехъу. ГъащIэ зыльэгъуам къыпыпхын Iуащlагъэ хэлъщ сытым дежи. Мор-мыр жиIэу, Iэпэкlэ уигъэлъагъу нэхърэ, щIагъыбзэкI хэжьIыпIэм урашалIэмэ нэхъыфIщ - абы уегъэгупсысэ. Псалъэм папщIэ, унафэщI сиIащ сэ, «мыбдеж схуэзэхуэзхъуркъым, дауэ зэрысщынур, Борис?» - жиIэу къызэупщIу. «Мыр дауэ унафэщI, а къызэрыгуякI Iуэхур имыщIэу?!» - жысIэу, згъэщIагъуэрт. Ауэ зэман дэкIа нэужь къызгурыIуэжырт апхуэдэ щIыкIэкIэ си щIэныгъэр здынэмысарэр щымыIэу къыпщохьу.

Гъэсэн жыпIэмэ, сэ нобэкIэ сызыдалажьэ гуГым хэт дэтхэнэ зыми сроПагэ! Зыгуэрым хуэмыIэжьи щыIэкъым. Гупым апхуэдэ цIыху зэчиифIэ куэд хэтрэ абыхэм я зэфIэкIэзэ зэхэплъхьэжу ар тэмэму бгъэлэжьэфмэ, уи Iуэхурэ кIуэтэнущ. Сэ нэхъапэм сызыдэлажьа гупымкIи, нобэ Парламентым сызыхэт гупымкIи икъукIэ сыарэзыщ.

- Уи лэжьыгъэм, Iэщlагъэм пызыща яхэт уи щIэблэм, Борис?

- ЩIалитIрэ хъыджэбзитIрэ диIэщи, щыр си лъагъэм ирикIуащ. ЩIалэм мы гъэм курыт еджапIэр къеухри, абыи а Iэщlагъэм и нэ къыхуокI. Япэм юристу уеджэн жыхуэпIэр куэдым я хъуэпсапIэу, насыпыщхуэу къалъытэрт, апхуэдизкIэ гугъут а къудамэм ущIэхуэну, уеджэнри. Нобэ зы къэбгъанамэ етIуанэр юристщ, ауэ а хабзэ хэкомыр зэхуэбгъэхъуну, къэбгъэсэбэпыну хьэлъэщ. Урилэжьэну нэхъ хьэлъэжщ, уи лэжьыгъэм пщIэи щхьэи имыIэу къыщыщIраГъэздыжи, бий ущащIыжи кьохъу, уеблэмэ. Сэ а псор сщIэрти, си бынхэм сэпэрыуэну сыхэтащ куэдрэ. Ауэ зыми къыскъуегъэгъэзакъым. Дэтхэнэри, курыт школыр дыщэ медалкIэ къиуха нэужь, еджапIэ нэхъыщхьэм и къарукIэ щIэтIысхьащ, еджащ, лэжьапIэ увыжащ. Езыхэм къыщыхахакIэ, я гур щыхуэкъабзэкIэ, ирылрелажьэ.

- Сытым удихьэхрэ, Борис? Уи Iэщlагъэ нэхъыщхьэм укъыщыдэхуэкIэ, ущымысхьу сытым зэман тебгъэкIуадэрэ?

- Нэгъэущ Iэху гуэрым сыдихьэхын, си зэманыр тезгъэкIуэдэн дэнэ къэна, сэ зэи законодательствэм, хабзэм, юриспруденцэм фIэкIа зыми сегупсысыфыркъым, апхуэдизкIэ си лымэ хэтщ мы лэжьыгъэри. Ар си натIэм итурат сэ, дохутыр Iэщlагъэ къыщыдзэмыхьIлар.

- Упсэу, Борис! Сынохуэхъу уи махуэ лъапIэмкIэ. Уи къулыкъым ифI ди республикэм екIну, уузыншэну си гуапэщ!

Елсэлъар

ФЫРЭ Анфисэщ.

● Налшык

Къэбэрдей уэрамым хуэму фыщызекIуэ

Налшык къалэм и Къэбэрдей уэрамым и зы Iыхьэм автотранспортыр зэрыщызекIуэ псынщIагъыр километр 40-м щIигъу мыхъуну ягъэбелджылащ икIи апхуэдэ дамыгъэр ягъэуващ.

УЭРАМЫР къэзыгъэнэху уэздыгъэхэр зэхъуэкIынымрэ зэрызекIуэ псынщIагъыр ягъэмэщIэнымрэ къызыхэкIар а Iыхьэм машинэхэр щызэжьэхуэ, уеблэмэ цIыхуи щызэкIуадэ къызэрыхурщ.

2016 гъэм авариеу къэхъуам уриплъэжмэ, Налшык къалэм и Къэбэрдей уэрамым, Ашуровым и уэрамым къыщыщIэдзауэ унэ №200-м нэсыху, 8 къыщыхъуащ, тIэу лъэсырыкIуэхэр ирауду. Абыхэм зы цIыху хэкIуэдащ, зым фэбжь игъэтащ.

Пэуэгу къэхъукъащIэхэр гъэмэщIэным теухуауэ ГИБДД-м и лэжьакIуэхэм, зэрыжьтIащи, Къэбэрдей уэрамым щагъэуващ зэрызекIуапхъэ псынщIагъыр (40 км/ч) къызытещ гъуэгу дамыгъэжр, уэздыгъэ 37-рэ яхъуэжащ, абыхэм щIэуэ 6 хагъэхъуащи, жащым нэхъ шынагъэцIэну зекIуэнымкIэ сэбэпщ.

Къэдгъэлъэгъуа гуэгу Iыхьэм зы сыхьэтым километр 40 псынщIагъым щыфIебгъэш зэрымыхъунум теухуа хабзэм къару егъуэт мы гъэм мазаем и 17-м. А хабзэр зымыгъэзащIэхэм етхьэкъунущ, сурэт-видео камерэхэм ятхым ельытауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ МВД-м и Къэрал автоинспекцэм щIыхьэхуреджэ гъуэгум зэрыщызекIуапхъэ псынщIагъымрэ шынагъэншагъэмрэ уэим ямыщIыну.

КъБР-м щыIэ МВД-м и УГИБДД.

(КIэлъыкIуэр. ПэщIэдзэр №№23-25, 27, 29-хэм итщ).

МЫХЬМУД-IЭЗЗИ ищIэрт абы сызэрыщыгъуаззэр, зэтэкъым сэ ар абы къыззэрызжиар, ауэ итIани сигъэIуащмэ фIэфIти, къыщIидзэжурэ къызжиIэрт:

- Сэ си гъэсакIуэу щытар си адэ-ращ. Уэри гъэсэныфI ухъунущ, си къуэ хуэдэ ущытынщ.

Мыхьмуд-Iэзз къилъытэрт псыкъуитIымрэ абы и гъэсэнымрэ я зэхущытыкIэхэр зэадзэзкъуэм яйм ещхьу. Дэтхэнэ Iэзэми и гъэсэныр къуэм хуэдэу илъагъун, къыщхьэщыжьын, иущин хуейщ. Абы къыпэкIуэу гъэсэнри егупъун хуейщ къыбГъдалъхьэ псори зэрызригъэщIэнымрэ зэрилъытэнымрэ, гъэсакIуэм хуэжьIэщIэу щытынымрэ и чэнджэщхэр зэрызыхьлъхэнымрэ. ГъэсакIуэмрэ гъэсэнымрэ яку гужьгъэжь къыдэхъуэмэ, тIум дежкIи ар фIыкъым, Iуэху зыпэрыфри намыгъэсу къэнэнущ. Сэ унагъуэфым сыкъыхэкIати, си гъэсакIуэр къысхуэщыпэртэкъым икIи пщIэ хуэзыщIынри, семыдэIуэну иГу къиГэкIыртэкъым.

Мыхьмуд-Iэзз Сивас пэмыжьыжь Сушэри къалэ цIыкIум къыщалъхуат. ИлъэсипщI щрикъум, унагъэр Истамбул къэIэпхъуащ. И сабиигъэр щыкIуащ Бююк-дере и Iэгъуэблагъэм ыльэ и адэ-анэм щызэрагъэпцIа пхъэ унэжь цIыкIум. Мыхьмуд-Iэзз фIэфIт къыхигъэщыну унагъуэ хуэмыщIам къызэрыщыхъуар. Абы и адэм и лэжьыгъэр зы Iуфэм Iут унэшхуэхэм я жыг хадзэр зехьэнырт; псыкъуий къэтIыным зыщригъэсар жьыхуегъэззэкI хъуа нэужьщ. А Iэщlагъэм хэхъуэ нэхъыбэ къызэрыритынур къыщыгурыIуэм, абы унэм щыIыгъ Iэщlыр ищэжщ, и къуэр и дэIэпыкъуэгъу зыхуищIри, псыкъуий къэтIу ежьащ.

Еджапlэр къыихыу Мыхьмуд-Iэзз и адам дэIэпыкъуу лэжьащ, дзэ къулыкъым щыкIыжкъами, 70 гъэхэми, и адэр дунейм ехьжа нэужьи а Iэнатlэращ абы ирихьэкIар. А блэкIа илъэс тIощIым къриубыдэу абы псыкъуии 150-м щIигъу къитIащ. Мыхьмуд-Iэзз сэ къыщыщсыхуам илъэс плыщIрэ щырэ хъурт, си адэм и ныбжьт, ауэ зэи къишатэкъым.

ГъэщIагъэншэщ, ищIэу пIэрэ абы си адэм дыкъыхыфIидзэу зэрежьэжар, унагъэр дыззэрыпсэун димыIэу дыкъыззэригъэнар? А упщIэр сэ зэпымыууэ зыхуэзэгъэувыжьырт, Мыхьмуд-Iэзз тхъэмыщкIагъэм ебэн зэпыту игъэкIуа и сабиигъэм тепсэлъыхьын щригъажьэкIэ. Уней хущхъуэ щапIэ зыIыгъ унагъуэм я щIалэ гъэфIэну, пIалъэкIэ зыхэхуа гуГу ехьыпIэм и зэранкIэ гуэгГу къыхуэхъуа «бей цIыкIУ» абы сыкъыпытэу къысфIэщIырт, къысщIэнакIэ хуэдэу къысщыхъурти, зззэмызи щхьэрыгъажэ сщIырт, зызгъэгъэрт.

Зы пщыхьэщхьэ гуэрым (псыкъуийр тIым зэрыщIэддзэрэ зы тхьэмахуэм нэблэгъагъэнт) Мыхьмуд-Iэзз къыскъуиIуэтэжащ Исуф бегъымбарымрэ абы и къуэшэмрэ ятеухуа хьыбарыр. Абыхэм я адэ Екъуб и бынхэм яхитъэфIыкIыIу илъагъур Исуфт, абы къыхэкIыу и къуэшхэр къефыгъуащ икIи Исуфыр псыкъуийм ирадззэу ягъэкIуэдыну мурад ящIащ. Сэ сигу кьимэжар Мыхьмуд-Iэзз си нэм къыщIэпльэурэ: «Пэжщ, Исуф щIалэ хьабзэт икIи Iущт, ауэ адэм быныр зэи зэхэсгъэж ищI хъунукъым. Ар псоми зэхуэдэу яхущытынт хуейщ», - зэрыжиIарц. Тэхъуръ щыиу цыса нэужь, абы къыщIигъужащ: «Апхуэдэу щымыт адэм и къуэр нэф ещI».

Сыт иджы абы нэфыр къыщыIихильхьар? Исуф псыкъуий кIыфIым нэфым хуэдэу зыри имыльагъуу зэрисам гу лъызигъэтэн щхьэкIэ къудей? Илъэс Iэджэ дэкIыжа нэужьи, сэ а упщIэр къэдрэ зэстыжащ. Сыту пIэрэ а хъыбарым сэ апхуэдизу сыщIигъэпIейтеяр?

9.

МЫХЬМУД-Iэзз къыр дзакIэ защIэу зэхэлъ къатым зэрымыщIэкIэ Iууэри, а Iуэхугъуэм псоми ди гукъыдэжыр къикъутащ. Иджы ар нэхъ сакъыу икIи хуэму лажьэрт, бельым щысхьын уейти. АпщIондэхэу дэ ищхьэм дыкъэхтет, пэгуным и хъуным дежьэу. Алий тIэкIу IукIуэтырти зигъэпсэхуну удзыпщIэм хэгъуалъхьэрт, ауэ сэ си нэр кьитезмыгъэкIыу псыкъуиитIым сеплъырт. Егъэлеяуэ хуабэт, дыгъэм си щхьэщIыбри си тхыцIэри къилыпщIырт.

ШэджагъуэхуегъэзэкI щыхъум пщыIэм Хъайри-бей къыхтехащ. Абыи фIэфI ХъуакъыМ псыкъуий мащIэр къыр дзакIэм зэрыхуэзар. Дыгъэ гуащIэм зэрыхэтым хуэдэущ зы тутын игъэсаУ Мыхьмуд-Iэзз и лэжьакIэм ептъу щытри, игъэзэри Истамбул кIуэжащ. Абы зы хъарбызышхуэ къытхуэдишати, ар дуплщIатэри щIакхъуэ хуабэрэ кхъуей цIынэрэ и гъуСэу тIхащ.

Пщыхьэщхьэм Мыхьмуд-Iэзз зэкIэрилIакъым гъэжьпсыр зыдэткIэну пхъэ къупхьэхэр, ауэ дыгъэр къуръхьу и бельыр имыгъэтIылIну лэжьащ. Ар апхуэдизкIэ ешат икIи губжьати, пщыхьэщхьэшхэм дежи зы псалъэ къыжьэдэкIакъым.

Хъайри-бей щыIукIыжым: «Сэ фэзгъэсэгъуа щIыпlэм къыщыфIтIын хуеящ ар!» - зэрыжиIар Мыхьмуд-Iэзз егъэлеяуэ щхьэрыгъажэ щыхъуат, и Iэзагъымрэ зэфIэкIымрэ щэч къытрахьауэ кьилъытэри.

- Нобэ къалэм дыкIуэнукъым, - зэхэуфауэ жиIащ абы щыхьэщхьэшхэр духа нэужь.

Зэманыр хэкIуэтат, Мыхьмуд-Iэзз зэрешари слъагъути, сэ ягъэ езгъэкIакъым Онгёрен дызэрымыкIуэнур, Зи щхьэщыр дыщафэ Бзылъхугъэм сегупсысурэ мафIэгу станцым къедза утым пщыхьэщхьэ къэс зыкъыщыслпIыхьыныр хабзэ схуэхъуауэ щыт пэтми.

- Уэ кIуэи зумыгъэгувэу къэкIуэж, - жиIащ Мыхьмуд-Iэзз. - «Малытепе» тутыным щыщ къысхуэпхьынщ. Ушынэнкъэ уи закъуэ укIуэн?

- Дауэ сышынэу, - жызоIэ сэ, пшэ ткIуэпс зытемылъ уафэр лыдыжу аргуэру къысщыхьащыуващи. ВаГъуэхэм сеплъурэ сэ псынщIэу сыбакъэртэ къалэ цIыкIум и уэздыгъэхэр къыщыбIлэ пъэныкъуэмкIэ. Кхъэм сынэмыс щIыкIэ, вагъэижу тIу слъэгъуащ, ауэ ахэратэкъым сэ сызыгъэпIейтейр а сыхьэтым - Зи щхьэщыр дыщафэ Бзылъхугъэм сыхуэзэнкIэ зэрыхъунурат.

Ауэ, къалэкъум сыщынэсам, сэ къэслъэгъуащ абы и унэ уэздыгъэхэр къыззрымыблэр. Абы нэщхьей сыкъыщIацуэ сэ тутын щапIэм Iут унэшхуэхэм я жыг хадзэр зехьэнырт; псыкъуий къэтIыным зыщригъэсар жьыхуегъэззэкI хъуа нэужьщ. А Iэщlагъэм хэхъуэ нэхъыбэ къызэрыритынур къыщыгурыIуэм, абы унэм щыIыгъ Iэщlыр ищэжщ, и къуэр и дэIэпыкъуэгъу зыхуищIри, псыкъуий къэтIу ежьащ.

Еджапlэр къыихыу Мыхьмуд-Iэзз и адам дэIэпыкъуу лэжьащ, дзэ къулыкъым щыкIыжкъами, 70 гъэхэми, и адэр дунейм ехьжа нэужьи а Iэнатlэращ абы ирихьэкIар. А блэкIа илъэс тIощIым къриубыдэу абы псыкъуии 150-м щIигъу къитIащ. Мыхьмуд-Iэзз сэ къыщыщсыхуам илъэс плыщIрэ щырэ хъурт, си адэм и ныбжьт, ауэ зэи къишатэкъым.

ГъэщIагъэншэщ, ищIэу пIэрэ абы си адэм дыкъыхыфIидзэу зэрежьэжар, унагъэр дыззрыпсэун димыIэу дыкъыззригъэнар? А упщIэр сэ зэпымыууэ зыхуэзэгъэувыжьырт, Мыхьмуд-Iэзз тхъэмыщкIагъэм ебэн зэпыту игъэкIуа и сабиигъэм тепсэлъыхьын щригъажьэкIэ. Уней хущхъуэ щапIэ зыIыгъ унагъуэм я щIалэ гъэфIэну, пIалъэкIэ зыхэхуа гуГу ехьыпIэм и зэранкIэ гуэгГу къыхуэхъуа «бей цIыкIУ» абы сыкъыпытэу къысфIэщIырт, къысщIэнакIэ хуэдэу къысщыхъурти, зззэмызи щхьэрыгъажэ сщIырт, зызгъэгъэрт.

Зы пщыхьэщхьэ гуэрым (псыкъуийр тIым зэрыщIэддзэрэ зы тхьэмахуэм нэблэгъагъэнт) Мыхьмуд-Iэзз къыскъуиIуэтэжащ Исуф бегъымбарымрэ абы и къуэшэмрэ ятеухуа хьыбарыр. Абыхэм я адэ Екъуб и бынхэм яхитъэфIыкIыIу илъагъур Исуфт, абы къыхэкIыу и къуэшхэр къефыгъуащ икIи Исуфыр псыкъуийм ирадззэу ягъэкIуэдыну мурад ящIащ. Сэ сигу кьимэжар Мыхьмуд-Iэзз си нэм къыщIэпльэурэ: «Пэжщ, Исуф щIалэ хьабзэт икIи Iущт, ауэ адэм быныр зэи зэхэсгъэж ищI хъунукъым. Ар псоми зэхуэдэу яхущытынт хуейщ», - зэрыжиIарц. Тэхъуръ щыиу цыса нэужь, абы къыщIигъужащ: «Апхуэдэу щымыт адэм и къуэр нэф ещI».

Сыт иджы абы нэфыр къыщыIихильхьар? Исуф псыкъуий кIыфIым нэфым хуэдэу зыри имыльагъуу зэрисам гу лъызигъэтэн щхьэкIэ къудей? Илъэс Iэджэ дэкIыжа нэужьи, сэ а упщIэр къэдрэ зэстыжащ. Сыту пIэрэ а хъыбарым сэ апхуэдизу сыщIигъэпIейтеяр?

Сурэтыр **СэвкIуий Хьэмид** *ищIащ.*

Памук Орхьэн, Нобель саугъэтым и лауреат

Зи щхъэцыр дыщафэ Бзылъхугъэ

Пскъыжиитlым и набдзэхэр зэрыхъукIэ дриШеящ, зэхихьр къызэрымыкIуэу зэригъэщIагъэр къикIыну, иджыпступIэ кхъэуауэ хьыбар гуауэ гуэр къыIэрыхьам ещхьри, нэщхьей кхъэуащ, ауэ зы псалъэ кьыхимылъхьэу адэкIэ жысIэнум ежьэу щыст.

- Зы цIыхупсэм ильэгъуакъым Iуащ и адэр зэриукIыжар, абы къыхэкIыуи ар а укIыгъэмкIэ зыгъэкъуэнIэн щыIакъым, - ар жысIэрэ пэт сэ сегупсысащ: «Сыту пIэрэ зыхищIэр зи адэр зыуКIыжам икIи абы папщIэ тезыр лъэпкъ зымыхьам». - Ауэ я пащтыхьэр мыцIыху гуэрым зэриукIам и закъуэтэкъым а къэралым насыпншагъэр къыщыхъуар - абы къыдэтIысхьат зы псэущхьэ нэджэлджэ абрагъэ, и Iэпкълъэпкъыр асльэным ещхьу, ауэ фIэтыр цIыхубзыщхьэу, дамэзыхуитIи тету. А нэджэлджэр цIыхуэзм къапэтIысауэ зыми къыхузмыщIэ къуажэхъ бзаджэхэр къажриЗэрти, жэуапыр зымыщIэ насыпныщхьэр иукIырт. Емынэжьым и къуажэхъхэр къыщIэу езы нэджэлджэр иукIын щыхуэзэфIэкIым, Эдип хахуэр Фивхэм я пащтыхьэщ хъуад, къытраIуар зэщIэнкIэ игу къэмыкIыхъэу пащтыхь гуащэр, ар и анэрауэ имыщIэу, щхьэгъусэ хуэхъуащ.

Иужьрей псалъэухар сэ псынщIэу къэслъыщащ, апхуэдэ хьэдэгъуэдахэр зыми зэхихьну сыхуэмейуэ. Ауэ итIанэ аргуэру зэ къытезгъэзэжащ:

- Эдип и анэр къишэжащ, - жысIащ сэ, тIэкIуре щыму сыщыса нэужь. - Абыхэм бынилI зэдагъэтащ. Мы хъыбарым сэ тхьылъ щапIэ гуэрым сыкъыщеджауэ арат.

Апхуэдэу щыжысIар зи гугъу сщIа псори сэ езым къэзгупсыса гуэру Мыхьмуд-Iэзз имыгугъэн щхьэкIэт. Псыкъуиитlым игъэс тутыным къищIа дэп плъэжьым сеплъурэ хъыбарым къыпысщащ.

- Эдип и щхьэгъусэмрэ и бынхэмрэ я гъусэу насыпыфIэу щыпсэу къалэр илъэс зыкъом дэкIаУэ емынэ уэным зэщIиштащ, щыпсэм ильэсыкIыIу. Кьалэздэсэр гузавэу удхэм ефупIащ: «Тхьэхэм я нэлат сыткIэ къэтхьауэ пIэрэ?» - жаIэри. Тхьэхэм я жэуапыр мырат: «Емынэм фыкъелыну фыхуеймэ, япэрей пащтыхьэр зыуКIар къэвгъэуэтэ къалэм дэфху. А махуэ дыщэм фэркIэ ажалыр сабыр хъужьнущ!» Эдип ищIэртэкъым лъэмыжьым деж зыщIухуэззэу иукIа лIыжьыр Фивхэм я пащтыхьэу щытаруэн, и адарауи. Ауэ унафэ быдэ ищIащ лIыуКIыр къагъэтыну, уеблэмэ езыри абы и лъэхъакIуэ екъат. Абы ирихьэлIэу Эдип щхьэкIэ хъыбар къыIэрыхьащ: и адэу фIэкIа имыщIа пащтыхьэр, Фивхэм я гъунэгъу къэралыр зи Iэмыщ1э ильыр, щымыIэжу. Апхуэдэ щыкIэкIэ абы къыгурыIуащ и адэу илъытар хамэ щхьэкIуу къызэрыщIэкIар икIи и щхьэгъусэ пащтыхь гуащэм пкрыуплIыхьащ ятеРей лIым ейуэ бын щIимыIэмкIэ. Эдип гущIыхьэ щхьэхуу къыщIащ пащтыхь гуащэм щIэпlэхьуу къуэ зэриар икIи а щIалэр езырауэ, лъэмыжьщхьэм щиукIа лIыжьыр и адэрауэ зэрыщIтри кьыгурыIуащ.

Абы нэс жысIэри, аргуэру щэху зысщIащ. Мыхьмуд-Iэзз хъыбар щыжжIэжкIэ, гу зылъытатхъэ, зэгупсысыпхъэ щыпIэхэм деж щыIэнкIэ, къэувыIэрт. Апхуэдэ щыкIэкIэ къызжиIэ Iэщlагъэр: «ПIымгъэрэ Iуэхур къекIэрэхъуэкIынкIэ зэрыхъунур?» Сэри абы зезгъэщхьырти, Эдип и хъыбарыр нэщхьейуэ сыкъыпигуфIыкIыурэ нэзгъэсащ:

- И анэм щхьэгъусэ зэрыхуэхуамрэ и адэр зэрыIащIэкIэдамрэ къыщыгурыIуэм, Эдип и Iэкlэ и нэкIэр иririхьжащ икIи игъащIэкIэ къыдэмыхьэну а къалэр ибгынащ.

- Нэгъэущ жыпIэмэ, Тхьэм ихъам зыри ебэкъуэфакъым, - жиIащ Мыхьмуд-Iэзз. - Аращ-тIэ, натIэм къритхам уфIэкIынукъым.

Сэ тельыджэ сщIыхьащ къэслуэтэжа хъыбарым и купщIэр кIуэрыкIуэм тету абы къыззрыхиубыдыкIыфар.

- Аращ, Эдип и тезыыр езым зытрилъхьэжащ, емынэ узыр теуВыIащ, къалэдэсхэр кьелащ.

- Сытым къыхэпхыу а хъыбарыр къызжепIэжа?

- СщIэркъым, - жысIащ сэ икIи къызыхэкIари мыгурыIуэгъуэ, сыкъуанщэу зыкъыслщыхъжащ.

- Сигу ирихьакъым уи хъыбарыр, Бей цIыкIу, - жиIащ Мыхьмуд-Iэзз. - Сыт хуэдэ тхьылъ ар къыззрыбдыкIари?

- ПщIыхьэпIэхэм къарыкIыр къызэращIэ тхьылъ.

Абдеж сэ къызгурыIуащ Мыхьмуд-Iэзз къыбдэр жесIэжыну афIэкIа къызэрызэмылъэIунур.

(КъыкIэлъыкIуэнущ).

● Фэ фщІэрэ?

Классикэм техуэу

Классикэ щхьэц зэщІэкъуэкІэу нэхъапэм ябжу щытар алыдж хчуэныкІэрщ. Абы каримбоскІэ еджэрт. Щхьэцыр налъэурэ зэгуахырт, ягъэутІэрэзырт аби, натІэм екІуэкІыу къыІуалъхьэрт. Алыджхэм къызэралъытэмкІэ, бзылъхугъэм и натІэр щыкІуу щытын хуейти, щхьэцымрэ набдзэмрэ я зэхуакур тІуалэ хуэдизу къагъанэрт. НэкІыбгъуакІэ къьелэлэхэр зэхуахьэсырти, щхьэ щыбымкІэ щаухэунырт. Ар шпилькэкІэ е лентІкІэ ирагъэубыдырт.

Урымхэми яфІэфІт щхьэцыр ягъэдахэну. Абыхэм нэхъыбэу щхьэц жьар щыбымкІэ щрадзыхырти, щхьэцхэу дахэ халъхьэрт. Ауэ ящыныкъуэхэми яухуэнырти, щхьэм и хьурегъакІэ кърашэкІырт, натІэм деж баринэ тІэкІу къагъанэурэ. Абыхэм я щхьэц щыкІэр адрейхэм къаззэрыхэщыр налкъутналмэсхэмкІэ зэрыгъэщІэрэщІарт.

Іэлъэщі зытралъхьэ

Курыт лІэщІыгъуэхэм бзылъхугъэхэм щхьэтепхъуэхэр зытралъхьэу къаублащ. Абы Іэмал къаритыртэкъым щхьэцыр лъагэу, е дахэу зэщІакъуэну. Уеблэмэ щхьэц гъэутІэрэзыным гуэныхь пылъу къальытэ хъури, ари зыхэнащ.

XII - XIIІ лІэщІыгъуэхэм цыхубзхэм Іэлъэщі зытралъхьащ. Махуэшхуэхэм деж Іэлъэщ1хэр плъыфэ нэхъ гуакІуэу, нэхъ гъэщІэгъуэну зытралъхьэрт, къызэрыгуэкІ махуэхэм елІалІэртэкъым. Іэлъэщі щІэлъ щхьэцыр ауэ къедзыхаэу арат, е сеткэкІэ зэхуахьэсырт.

Абы иужькІэ щхьэц гъэутІэрэзыныр аргуэру кьежьэжащ. Икіи пасэрей усыгъэхэм къызэрыхэщыжьымкІэ, усакІуэ куэд тетхыхьащ щхьэц баринэ дахэ зытелъ хъыджэбзхэм.

НУР Санэ.



Кавказ-бгырыс эскадроным и гвардием хэтхэм Александр и уардэунэм деж зыщагъасэ. Шы хужьым тесыр Къэбэрдейм щыщ уэркъ щІалэщ. *Царское Село, 1832 гъэ*

Сурэтыр **Крюгер Франц** *1841 гъэм ищІащ.*

● Пасэрей бзылъхугъэ щІэрыІуэхэр

Гипатие

Ди эрэм и 4 - 5-нэ лІэщІыгъуэхэм я зэпылъэпІэм, Урым пащ тыхьыгъуэр щызэпкърыхужым ирихьэлІэу, псэуащ Гипатие цІыхубз телъыджэр (370 - 415 гъэхэм). Ар математикэмкІэ, астрономиемкІэ, философиемкІэ щІэныгъэрылажьэу щытащ, математикэм и профессор Александрийскэ Теон ипхъут.

ГИПАТИЕ теплъэкІи, и дуней тетыкІэкІи, и хьэлкІи цІыхубз дахэу, гуакІуэу щытащ. Уеблэмэ, тхьэІухуд.

Гипатие и адэр Александрийскэ библиотекэм щылажьэрт, щыпсэурти, и пхъур тхылъ бжыгъэншэхэм къаухъуреихьу къэтэджащ. Теон и пхъум сыт хуэдэ щІэныгъэ и лъэныкъуэкІи зэрызригъэужьыныж хэту, езым ищІэр хъыджэбзым бгъэдилъхьащ. Ялэ щІыпІ щхьэхуэдизкІэ щІэныгъэ лэжьакІуэхэм я иужь дыдэу къыщІэкІащ... Абыи тхыдэ щхьэхуэ иІэщ.

Дунейм, хьэршым я зэхэлъыкІэр къыгурыІуэну хуейуэ, ар и лэжьыгъэ нэхъыщхьэу щыхъубзым иухъуэдият. И эмэнри, къарури, гъащІэри щІэныгъэм щхьэузыхь хуищыну мурад ищІри, Гипатие зэи дэкІуакъым, бынии иІакъым, еджэныгъэм зи гур хуэкъабзэ гъэсэн и куэдти, абыхэм ядэлажьэу псэущ.

Гипатие илъэс 20 хьууэ арат мусейоным егъэджакІуэу къыщащтам! ЩІэныгъэшхуэ зыбгъэдлъ пщащэ Іущыр мыгувэу дуней псом щІэрыІуэ щыхъущ, неоплатонизмэм и философиемрэ математикэмкІэ иригъэкІуэкІа къэхутэныгъэхэмкІэ. Гипатие и цІэр Европэмрэ Азиемрэ щызэхахати, цІыхубз телъыджэм деж я щІэныгъэм щыхагъэхъуэну хуэдизу щалэгъуэлэ бжыгъэншэхэр къакІуэрт.

Аузрэ, чыристэн диныр Мысырым нэсащ. ЗэрытщІэщи, диныр цІыхухэм Іэщэкіэ кърагъащтэу арат. Езы Гипатие зэрыщІэныгъэрылажьэм къыхэкІыу, фІэщхъуныгъэр къищтэфакъым, зытекІуэдэжари аращ. Гипатие итха тхылъхэри яхэту, Александрийскэ библиотекэм щІэлъа тхылъ гъэ бжыгъэншэхэм мафІэ щІадзэри, чыристэн диным и лэжьакІуэхэм ягъэсауэ щытащ. Яныныкъуэ щІэныгъэлІхэм, тхыдэтхэм зэрыхуагъэфащэмкІэ, Гипатие и гъэсэн гуэрым итхьэлэжауэ аращ, диным и лэжьакІуэхэм псэууэ яІэрыхьэмэ лІэкІей къыхуагупсысынути. Ауэ, закъуэтІакъуэми жаІэ, щыхубзыр диным итхьэкъуэ, Кирилл Александрийскэм игъэІуща гупым яІэрыхьэу, «мажуский щІэныгъэлІ лэжьакІуэр» гущІэгъуншэу яуклауэ. Гипатие и хъыбархэр нобэм къэсынутэкъым абы теухуахэр и гъэсэнхэм, тхыдэтхэм ямытхыжьатэмэ.

Гипатие щыхуу гуапэу, щабэу, Іущу щытауэ жаІэжырт абы иригъэджахэм. Уеблэмэ, Александрийскэ библиотекэм мафІэ щыдзащэ щысым, щІэныгъэлІхэр зэбгрыжырт, загъэпщкІурт. Ауэ Гипатие и щхьэ къыфІэмыІуэхуу, тхылъхэр мафІэм къыхихыну библиотекэм щІэлъэдат.

Гипатие хьэршым и зэхэлъыкІэр джыным телажьэу щытащ, икІи, зэрыхуагъэфащэмкІэ, Щыым и орбитэр хъурей мыхъуу, хъурей хэшауэ зэрыщытыр япэу къэзыхутар аращ, ауэ а къэхутэныгъэр хэІущІыІу ищІыну хунэсащ. Гипатие щаукІам илъэс 45-рэ хъууэ арат.

ФЫРЭ Анфисэ.



● Фэ фщІэрэ?

Классикэм техуэу

Классикэ щхьэц зэщІэкъуэкІэу нэхъапэм ябжу щытар алыдж хчуэныкІэрщ. Абы каримбоскІэ еджэрт. Щхьэцыр налъэурэ зэгуахырт, ягъэутІэрэзырт аби, натІэм екІуэкІыу къыІуалъхьэрт. Алыджхэм къызэралъытэмкІэ, бзылъхугъэм и натІэр щыкІуу щытын хуейти, щхьэцымрэ набдзэмрэ я зэхуакур тІуалэ хуэдизу къагъанэрт. НэкІыбгъуакІэ къьелэлэхэр зэхуахьэсырти, щхьэ щыбымкІэ щаухэунырт. Ар шпилькэкІэ е лентІкІэ ирагъэубыдырт.

Урымхэми яфІэфІт щхьэцыр ягъэдахэну. Абыхэм нэхъыбэу щхьэц жьар щыбымкІэ щрадзыхырти, щхьэцхэу дахэ халъхьэрт. Ауэ ящыныкъуэхэми яухуэнырти, щхьэм и хьурегъакІэ кърашэкІырт, натІэм деж баринэ тІэкІу къагъанэурэ. Абыхэм я щхьэц щыкІэр адрейхэм къаззэрыхэщыр налкъутналмэсхэмкІэ зэрыгъэщІэрэщІарт.

Іэлъэщі зытралъхьэ

Курыт лІэщІыгъуэхэм бзылъхугъэхэм щхьэтепхъуэхэр зытралъхьэу къаублащ. Абы Іэмал къаритыртэкъым щхьэцыр лъагэу, е дахэу зэщІакъуэну. Уеблэмэ щхьэц гъэутІэрэзыным гуэныхь пылъу къальытэ хъури, ари зыхэнащ.

XII - XIIІ лІэщІыгъуэхэм цыхубзхэм Іэлъэщі зытралъхьащ. Махуэшхуэхэм деж Іэлъэщ1хэр плъыфэ нэхъ гуакІуэу, нэхъ гъэщІэгъуэну зытралъхьэрт, къызэрыгуэкІ махуэхэм елІалІэртэкъым. Іэлъэщі щІэлъ щхьэцыр ауэ къедзыхаэу арат, е сеткэкІэ зэхуахьэсырт.

Абы иужькІэ щхьэц гъэутІэрэзыным аргуэру кьежьэжащ. Икіи пасэрей усыгъэхэм къызэрыхэщыжьымкІэ, усакІуэ куэд тетхыхьащ щхьэц баринэ дахэ зытелъ хъыджэбзхэм.

НУР Санэ.

Псалъэзэблэдз

***ЕкІуэкІыу*: 3**. ЩІалэщІэр мэзым къикІыжащ пхъэ ... къишэри. **5**. ... псы кІэрыщІэрэ? **6**. Хадзэкі. **8**. Совет Союзым и ЛІыхъужьхэу, зэшхэу Къардэнхэ Къубатийрэ Къэбардрэ я къуажэ. **9**. Еджагъэшхуэ, тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и институтым и унафэщІу щыта. **10**. ЩІыпІэ хуабжэм хьэлъэзехьэу къыщагъэсэбэп псэущхьэ. **11**. Ди щІыпІэм щыІэ псыежэх. **13**. МахуэщІэ. **16**. Дин Іуэхукіэ Саид Хьэрыпым щыІа цІыху. **17**. ЦІыху хьэлэл. **18**. Нэгъабэ Бразилием щекІуэкІа дунейпсо Олимп зэхьэзэхуэхэм дыщэ медаль къыщыІэзыхьа адыгэ щІалэ. **22**. Къыдалъхуауэ, цІыхум и щІыфэм хэт, хэс. **23**. ГуфІэгъуэ зэІущІэм и ужькІэ унафэщІхэр Іэнэ ... ягъэтІысащ. **24**. ТхылъымпІэм итыр зэрыпэжым щыхьэт техъуэ дамыгъэ. **27**. «Эмирым и ... » - КІыщокъуэ Алим и роман. **29**. Бэугъащтэу хадэм ирагъэувэ. **30**. Дэрбзэр Іэмэпсымэ. **31**. Бжэныфэм къыхэщІыкІа къэп. **32**. Хадзэкі. **33**. ЩІыпсалъэкІэ зэІыпэ.

***Къехьу*: 1**. ЩІалэ щІыкІур пщэдджыжь ... хьурхуІэ жеящ. **2**. Щыхь пІащэ. Е цІыху къарууфІэ. **4**. Колхозым иІащ гъэш ... **5**. Цы кІэщІ щабэ зытет щэкІ Іув. **7**. Адыгэ лъэпкъ. **12**. Арджэныр къызэыхащІыкІ къэкІыгъэ. **13**. НэщІ исым и пщэдджыжьышхэ. І**4**. ХакІуитІ абы щІэзагъэрэкъым. **15**. «Шэджэмокъуэ лъэпкъыр» романыр зи Іэдакъэщ1экІ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ тхакІуэ. **16**. Мусльымэн диным къабыл имыщІым щхьэкІэ жаІэ. **19**. Къалэ, псыежэх, район. **20**. Уафэм кьех мыл тыкъыр щІыкІу. **21**. Кавказым щыпсэу лъэпкъышхуэ, мелуан зыбжанэ хъууэ. **25**. Щхьэл мывэр зэкІэрэхъуэкІ. **26**. Ахъшэ жьгъей. **28**. Вакъэ лъапщэ кІыхь.

Зэхэзылъхьар **МЫЗ Ахьмэдщ.**



Мазаем и 11-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

***ЕкІуэкІыу*: 1**. Уафэм. **4**. Дзэкупс. **8**. Ныджэ. **9**. Къущхьэ. **10**. Тас. **11**. КІагъуэ. **13**. Щхьэм. **16**. Щэ. **17**. Хьэх. **18**. Кумб. **20**. Егъу. **24**. ЛыІу. **27**. Акъ. **28**. Пшэ. **30**. Чей. **32**. Гъуо. **35**. Лэгъуп. **37**. Сурэ. **38**. Шхуэ. **39**. Хущхьуэ. **41**. Къумыкъу. **43**. Тхъуэпль. **44**. Ташлю.

***Къехьу*: 2**. Абдж. **3**. Мастэ. **4**. Дзыусщ. **5**. Пэщ. **6**. Унэгъащэ. **7**. Лъэгудыгъуэ. **11**. КІэ. **12**. ГъукІэ. **14**. Хьэм. **15**. Мы. **17**. Хьэрыпл. **19**. Балий. **21**. Кхъулэ. **25**. Гуащэшхуэ. **26**. Сосрыкъуэ. **29**. Шыгъу. **31**. Еру. **33**. Къул. **34**. Хьэ. **36**. Пшэплъ. **37**. Сэлэт. **40**. Хьэуэхъу. **42**. Мыл.

● Псалъэжьхэр

Зэкъуэш псори зы анэ къилъхуркъым

♦Яхуэмыущий ущиенкІэ Іэзэщ.
♦ІитІкІэ Іэ зыубыдым щыбагъ псалъэ и куэдщ.
♦Гъунэгъурэ гъуэншэджрэ.
♦Зэкъуэш псори зы анэ къилъхуркъым.

♦Нэхъыжь кІэлъыджэркъым - кІэлъокІуэ.
♦Уи анэ къыбжиІэ едэІуи, уи адэ къыбжиІэ гъэзащІэ.
♦Блэр зытраукІэр и щэрэзщ.
♦Дзыбэ дзыусщ.
♦Жьым тесу, псым йопыдж.
♦И къамэ тІэу къиихкъым, и псалъэ тІэу жиІэркъым.
♦Кхъуэнэкіэ псы зэрехьэ.
♦Псыкъуий мастэкІэ къетІ.

«Псом щхьэкІи фІыщІэ пхузощІ»

● Уэрэдхэр

«Хьэрып тангэр» дуней псом щыцІэрыІуэ уэрэдщ, абы и цІэ дыдэр «Псом щхьэкІи фІыщІэ пхузощІ» жиІэущ.

Хьэрыпт уэрэдыр зытхар мысыр композитор АтІрэш Фаридщ (1947 гъэм) икІи езым щигъэзэщІауэ щытащ «Си гъащІэ псом и лъагъуныгъэ» фильмым. 1960 гъэм СССР-ми цІэрыІуэ щыхъуащ уэрэдыр икІи ар жызыІа узбек уэрэджьыкІуэ Закиров Батыр Союз псом къыщащІыхуауэ щытащ. Лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэ куэдым фІыуэ ялъэгъуа мы уэрэдыр адыгэбзэм къригъэзэгъащ усакІуэ Къармэ Іэсият.

Хьэрып тангэ

Мы дуней дахэр уэ уи фІыгъэщ,
Уэрыслъагъурэ усфІэІэфІщ.
Уэрыдахэр Тхьэм и тыгъэщ -
Уи зы Іуплъэгъуэм сещІрэ чэф.

Ежьу:
Уей, си пщащэу, дунейгъэдахэ!
Уей, си дахэу, си дуней нэху!
Къоукъубийрэ псы уэрыр гъатхэу -
Толъкъун пщІыпщІым ехь псэ хьэху...

Укъыскуеиххэкъым, ари сощІэ,
СыпкІэлъыгуІэу шэч къызохь,
Сыпкіэлъыхъуапсэу гугъэ сощІри,
СыпкІэлъыплъыжу си псэр уохь.

Ежьу
Мы си напІащхьэр уэрщ зыхуэлІэр,
СыпкІэлъыкІуатэурэ уІуокІуэт.
Гуауи гуфІэгъуи уэрщ сызэплъыр,
СыпкІэлъыплъыжурэ псалъэ сот

Ежьу
Мы дуней дахэр зыдзгъагъэу,
А зи Іуплъэгъуэ сыщІэхъуэпсыр,
Къыскуэмеиххэми - Тхьэм къихьумэ!
СыкІэлъыхъуапсэурэ -
Тхьэм иуэщІ!

* * *

АР-м, КъБР-м, КъШР-м я цІыхубэ тхакІуэ, Адыгэ Республикэм и Тхакіуэхэм я зэгуэхьныгъэм и унафэщІ, УФ-м и Жылагъуэ палатэм хэт, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Нэхъыжьхэм я советым и тхьэмадэ Мэшбащіэ Исхьэкъ и ныбжьыр илъэс 85-рэ щрикъу илъэсым, нэгъабэ, Хьэрып Эмират Зэгуэтхэм я кьалащхьэ Абу-Даби щыІащ. Усакіуэм зэрикабзэу, нэм илъэгуымрэ гум щыщІамрэ усабзэ дахэкІэ итхьжащ Мэшбащіэр къэкІужэа нэужь. Хьэрып кьалэр адыгей усакіуэм къызригъэлъэгъуэжар къэбэрдеибзэм къригъэтІэсащ Къармэ Іэсият. Хэт ищІэрэ, композиторхэм къахэкІынкІэ мэхъу мы усэм макъамэ щІэзыльхьэн.

Абу-Даби

Къалэ дахэу Абу-Даби
ЩІыпІэ жьыжьэ щызэщІопсэ,
Дэс хьэрыпи мыхьэрыпи -
Зэдайщ дыгъэри - къыстопсэ.

Къалэ хужьыр пшапэщІэплъу,
Бысым хабзэкІэ къысІуощІэ;
Дыгъэ пшэплъым шэджэнэплъу
Уафэ нэзыр схуэзэщІэ.

Ежьу:
Абу-Даби, Абу-Даби!
Къалэ хужьу, къалэ нэху,
Ар хьэрыпми мыхьэрыпми,
ЦІыхуу бгъэфІым сэлам схуех!

Бысым къалэм и уэрамкІэ
Хьэуджэду псэр сфІокІуаесэ,
Пщащэ нагъуэу бланэ кІуэкІэм
И Іуплъэгъуэ сыт и уаесэ?!

Пщащэ лантІэм ебэзрабзэу
ГущІэ лъапсэр зэгуощІ,
Пшахъуэ къалэм гухьэр псыпсу
Дыгъэ Іупэр йопэщІщ.
Ежьу

● Шхыныгъуэхэр

Жэрумэ гъэва

Жэрумэ цІынэ дияр псы щыІэм халъхьэри, хьэкум трагъэувэ, сыхьэти 2 - 2,5-кІэ ягъавэ, шыгъу мащІэ тІэкІу хэдзауэ. ТрищІэ тхъурымбзэр къытрах, мафІэр цІыкІу дыдэ ящІри, и щхьэр тепІауэ ягъавэ. МафІэр инмэ, лэпсыр мэутхъуэ. Жэрумэ вар лэпсым кьыхамыкьу тІэкІу ягъэупщІыІури, тепщэчым иралъхь. Жэрумэр Іуданэкіэ пхамэ, сэкІэ эпэупщІри къыхахьж.

Іэнэм щытрагъэувэкІэ жэрумэр зэпагъэж, тепщэчым иралъхьэри, бжьыныху шыпс тракІэ е ар фалъэ щыкІукІэ гъусэ хуащІ. Пщтыру яшх. ПІастэ хуабэ, щІакхъуэ, чыржын, мэжаджэ дашх.

Жэрумэ лэпсым хьэнтхъупс, бжьыныху шыпс ирипщІ хъунущ.

Халъхьэхэр: *(зы цІыху Іыхьэ):*
жэрумэ цІынэу - г 330-рэ
зэрагъэвэну псыуэ - г 920-рэ
шыгъуу - г 2
губгъуэпхъуу - тхьэмпищ
бжьыну - г 30

Губгъуэ бабыщ гъэбэкхъа

Бабыщ гъэкъэбзар зэпкърымыхауэ псы щыІэкІэ ялъэс, хьыдан кьабзэкІэ ялъэдыж, и щыбым шыгъу, и кІуэцым бжьыныху-шыгъу щахуэ. КІуэцІфэцІхэри зыхуей хуагъаэзри, и кІуэцым иралъхьэж. ИтІанэ бабыщыр мэл щэ тхъурымбзэм кІуэцІашыхри Іуданэкіэ япхэж. Ар тхъу кьэплъа зэрэт тебэ куум иралъхьри, мафІэ мыгуащІэм тету зэрагъэдзэкІыурэ тхъуэплъ хуху ягъажьэ. ИтІанэ бабыщыр тебэм кьрахри шыуаныи иралъхьэ, щІигъанэ кьудейуэ псывз е лэпс щыІэу, шыгъу хадзри, и щхьэр тепІауэ мафІэ цІыкІум тету ягъэбэкхъ. Бабыщыл гъэбэкхъар кьыхах, лэпсыр язри, абыкІэ шыпс ящІ. Лэпсым къытраха дагъэмкІэ бжьынымрэ гуэдз хьэжьигъэмрэ ягъэлІабжьэ. Шыпсым шатэ тІэкІу щІакІри, хьэзыр хьуху ягъэбэкхъ. Іэнэм трагъэувэн ипэкІэ мэз джэдым Іуданэр къыхахьыкри, Іыхьэ-Іыхьэурэ зэпкърах. ЯгъэщыкІэ шыпсыр тепщэчым ираклІэ, итІанэ абы лыр халъхьэ. Яшх пщтыру, ПІастэ е щІакхъуэ щыгъуу.

КЪУБАТИЙ Борис.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жьэкіэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхьэ секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщІэпыджэ Замирэ, Хьэжькъарэ Алик, Щхьэщэмыщі Изэ.**

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Іуэхуэ1апІэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; суэтэхым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтекуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъу КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ щыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ,** *редактору* **ЖьэкІэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2, 3-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(4, 5, 6-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и тепльэр ящІащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Бещто Оксанэ,** *суэтхэм елэжьар* **Бищу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэ» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.673 ● Заказ №195

Инджылызыбзэ зэвгъэщІэну фыхуей?

Илъэс 30-кІэ Америкэм щылажьа егъэджакІуэм инджылызыбзэкІэ хунту фытхэу, фыкъеджэну икІи фыпсалъэу фригъэсэнущ.

Ар ядолажьэ:
- зи ныбжьыр илъэси 8 - 15-м нт сабийхэм;
- студентхэм, балигъхэм, бизнесменхэм.

Курсым зезыгъэтхъэр тхьэмахуэм щэ къекІуэлІэнущ, тхьэмахуэ зэхуакуи 5-кІэ еджэнущ. Япэ дерсыр щІэнщу щытынущ.

Инджылызыбзэ зыджыну хуейхэр 8-967-417-78-85 телефонымкІэ фыпсалъэ хъунущ.